Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я къарур

2-нэ нап.

«Махуэку»

3-нэ нап.

Анэр нэм хуэдэщ

4-нэ нап.

ИнтернеткIэ Iэ тевдзэ

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

Адыгэ Псалъэ

1924 ГЪЭ ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№142 (24.892) ● 2025 гъэм щэкIуэгъуэм (ноябрым) и 27, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ

IэнатIэм и щытыкIэр

● ЗэIущIэхэр

Видеоконференц зэпыщIэныгъэм и Iэмалхэр къигъэсэбэпу, КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек дыгъуасэ хэтащ УФ-м и Къэрал Советым и комиссэм «Мэкъумэш хозяйствэ» унэтIыныгъэмкIэ къызэригъэпэща зэIущIэм. Абы хэтахэр тепсэлъыхьащ IэнатIэм и зыужьыныгъэм, абы лъэпкъ проектхэмрэ къэрал, щIыналъэ программэхэмрэ зэрыщагъэзащIэм, УФ-м Мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министерствэм къита хъыбархэр я тегъэщIапIэу.

АПХУЭДЭУ къапщытащ къэралым ерыскъыкIэ и шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным хуэунэтIа лъэпкъ проектыр щIыналъэхэм мы илъэсым зэрыщагъэзэщIар. Къэбэрдей-Балъкъэрыр а проектым хэтщ «IэщIагъэлIхэмрэ АПК-мрэ» щIыналъэ программэмкIэ. Абы ипкъ иткIэ гъэзэщIа хъуащ мэкъумэш IэщIагъэхэм щыхурагъаджэ IуэхущIапIэхэр иджырей техникэрэ технологие пэрытхэмкIэ къызэгъэпэщыным, мэкъумэш классхэр курыт еджапIэхэм къыщызэIухыным хуэгъэпса лэжьыгъэхэр.

КъинэмыщIауэ, мэкъумэш IэнатIэм зегъэужьыжыныр я мураду, ди щIыналъэм щокIуэкI а IэщIагъэм и пщIэр къэIэтыжыным хуэунэтIа лэжьыгъэ щхьэпэхэр. Абы и щапхъэщ Бахъсэн, Май, Тэрч районхэм я курыт школхэм къыщызэIуаха мэкъумэш класси 4-р. Абы мы зэманым щоджэ 7 - 11-нэ классхэм щIэс ныбжьыщIи I50-рэ. ЕгъэджакIуэхэм я улахуэм хущIагъу.

Апхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэр, шэч хэмылъу, сэбэп хуэхъунущ мэкъумэш IэнатIэм зиужьыжыным, абы епха IэщIагъэхэм пщIэ ягъуэтыжыным.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэм къызэритамкIэ



Къалащхьэм и Iуэху зехьэкIэм зыщагъэгъуазэ

КъБР-м Транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министерствэм, Налшык къалэ администрацэм я лIыкIуэхэм яIущIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек. Абы щызэпкърахащ Москва къалэм и мэрием щыIа лIыкIуэхэм щыхьэрым и инфраструктурэм зегъэужьыным, цIыхухэм тыншыпIэхэр къахуэзэгъэпэщыным теухуауэ зэфIагъэкIхэм зэрызыщагъэгъуэзар.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ КъБР-м транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министр **ДыщэкI Аслъэн**, Налшык къалэ округым и щIыпIэ администрацэм и Iэтащхьэ **Ахъуэхъу Таймураз**, абыхэм я къуэдзэхэр.

Республикэм и лIыкIуэхэр лэжьыгъэ IуэхукIэ къалащхьэм щыIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм пщэрылъ зэрахуищищIам ипкъ иткIэ, щIыналъэхэр зэдэлэжьэным теухуауэ нэхъ пасэу зэращIылIа зэгурыIуэныгъэхэм тету. IэщIагъэлIхэр кIэлъыплъащ Москва и муниципалитетым и къудамэхэм я лэжьэкIэм, ехъулIэныгъэкIэ пхагъэкI проектхэм, къагъэсэбэп Iэмалхэм, къалэшхуэр махуэ къэс зыхуейхэмкIэ къызэгъэпэщыныр къазэрехъулIэм.

КIуэкIуэ Казбек Москва и Iэтащхьэ Собянин Сергейрэ абы и унафэм щIэтхэмрэ фIыщIэ зэрыхуищIыр къыхигъэщащ, Iуэху зехьэкIэщIэхэм зэрыкIэлъагъэплъам, лэжьыгъэ и пIалъэкIэ къазэрыдэгуэшам папщIэ.

ЗэIущIэм гулъытэ хэха щигъуэтащ бжыгъэр зи лъабжьэ Iуэху зехьэкIэм, гъуэгу инфрастуктурэм зегъэужьыным, цIыхухэр жылагъуэ транспорткIэ къешэкIыным, машинэ гъэувыпIэхэр нэхъыбэ щIыным, къалэухуэ политикэр егъэфIэкIуэным, бжыгъэр зи лъабжьэ «Къалэ губзыгъэ» унэтIыныгъэм щыщхэр хэпщэным епхахэм. А жэрдэмым къырикIуэну зыщыгугъхэм ящыщщ республикэм и щыхьэрым, нэгъуэщI къалэхэм, адрей и жылэхэм дэсхэр зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ, инфраструктурэкIэ, къалэухуэ IэнатIэм епхахэмкIэ нэхъыфIу къызэгъэпэща хъуныр.

Республикэм и Iэтащхьэм къыхигъэщхьэхукIащ къэув а къалэнхэр гъэзэщIа хъун папщIэ IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэр Iуэху куэд къызэщIаубыдэу зэдэлэжьэн зэрыхуейр. Къыхалъхьахэр гъэзэщIэным зыщыхуагъэхьэзыр япэ Iыхьэм КIуэкIуэ Казбек ахэр зэхьэлIахэм пщэрылъ ящищIащ проектхэм хэплъэн гуп къызэрагъэпэщыну, абы хэтхэм зыхуеину тхылъхэр ягъэхьэзырын, Iуэхур зэрекIуэкIыну щIыкIэр яубзыхун, а унэтIыныгъэхэм хуэгъэпсауэ щыIэ институтхэмрэ IэнатIэхэмрэ зэпищIэн, лэжьыгъэр зэрыщыту и нэIэ щIэтын хуэдэу.

Зэрызаужьым и щапхъэхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустам. Ахэр тепсэлъыхьащ мы илъэс екIуэкIым зрагъэхъулIахэмрэ адэкIэ я мурадхэмрэ.

ЩХЬЭХУЭУ къытеувыIащ цIыхухэм я узыншагъэм кIэлъагъэплъыну псом япэу зызыхуагъазэ медицинэ IуэхущIапIэхэр къэгъэщIэрэщIэжыным ехьэлIа къалэнхэр щыубзыхуа щIыналъэ программэр гъэзэщIа зэрыхъум. Абы ипкъ иткIэ республикэм мы гъэм щаухуащ амбулаторэщIэу 8 – Кэнжэ, Белая Речкэ, Къубэ-Тэбэ, Светловодскэ, Красносельскэ, Дей, Старэ Шэрэдж, Шэрэдж Ищхъэрэ къуажэхэм.

Сыт и лъэныкъуэкIи къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжын лэжьыгъэхэр и кIэм щынагъэблэгъащ IуэхущIапIийм. Ахэр Шэджэм щIыналъэм и сымаджэщым и стационарырщ, Тырныауз къалэм и щIыналъэ поликлиникэрщ, Налшыкрэ Нарткъалэрэ дэт сабий поликлиникэхэрщ, Балъкъэр Ипщэм и участковэ сымаджэщырщ, дохутыр амбулаторэхэу Жэмтхьэлэ, Гундэлэн, Къулъкъужын Ипщэ жылэхэм щыIэхэрщ.

Александровкэ хьэблэм дэт сабий поликлиникэщIэр, Налшык къалэ и поликлиникэ №3-р, Нартанрэ Шэджэм Ищхъэрэмрэ я амбулаторэхэр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжыным ехьэлIа лэжьыгъэхэми пащэ.

Апхуэдэуи, а программэм и фIыгъэкIэ мы гъэм къащэхуащ медицинэ оборудованэ 36-рэ.

Узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм и ехъулIэныгъэ нэхъыщхьэхэм ящыщу къагъэлъэгъуащ лышх узыфэу нэхъ пасэу къахутэхэр процент 20-кIэ нэхъыбэ зэрыхъуар, абы Iэмал къет ар зэуэлIахэр нэсу гъэхъужынымкIэ икIи ахэр узыншэу илъэс куэдкIэ псэунымкIэ.

ЩIыналъэ проектыр гъэзэщIэн зэрыщIадзэрэ псори зэхэту зэрагъэпэщыжащ е щIэуэ яухуащ цIыхухэм япэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэ щхьэкIэ зызыхуагъазэ IуэхущIапIэу 15, къызыхуэтыншэу зэрагъэпэщыжащ 31-рэ, Iэмэпсымэу 319-рэ, санитар автомобилу 94-рэ къащэхуащ.

Апхуэдэуи йокIуэкI «Анэхэмрэ сабийхэмрэ хъумэн» къэрал проектым, «Унагъуэ» лъэпкъ проектым хыхьэ лэжьыгъэхэр. Къэщкъэтау, Анзорей жылэхэм щаухуащ цIыхубзхэм я узыншагъэм щыкIэлъыплъ IуэхущIапIэхэр, апхуэдэхэр Зеикъуэ, Прималкинскэ жылэхэми къыщызэIуахыну я мурадщ.

● КъБР-м и Парламентым

Гу-лъынтхуэ узыфэхэм зэрапэщIэтыр

КъБР-м и Парламентым ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымрэ ветеранхэм я IуэхухэмкIэ и комитетым иджыблагъэ «стIол хъурей» жыпхъэм иту иригъэкIуэкIа зэIущIэр теухуауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым гу-лъынтхуэ узыфэхэм ехьэлIауэ медицинэ дэIэпыкъуныгъэр къызэрыщызэрагъэпэщымрэ IэмалыщIэхэр къызэрагъэсэбэпымрэ.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ хабзэубзыху IуэхущIапIэм и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, депутатхэр, сымаджэщхэм я унафэщIхэр, IэщIагъэлIхэр.

Егоровэ Татьянэ зэIущIэр къыщызэIуихым, жиIащ нэхъ ипэкIэ операцэ гугъу къызыпэщылъхэр нэгъуэщI щIыналъэхэм кIуэн хуей хъууэ щытамэ, иджы медицинэ дэIэпыкъуныгъэр зыхуей хуэзэу республикэм зэрыщагъуэтыр.

- Иужьрей илъэсхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и медицинэм зыужьыныгъэфI игъуэтащ. Нобэ республикэм гумрэ лъынтхуэмрэ епха узыфэхэм ехъулIэу щоIэзэ. Ахэр игъуэм къызэрахутэмрэ дэIэпыкъуныгъэр зэрырат Iэмалхэр зэрырагъэфIакIуэмрэ я фIыгъэкIэ, гу-лъынтхуэ узыфэхэм илIыкIхэм я бжыгъэр кIуэ пэтми нэхъ мащIэ мэхъу. Ауэ гугъуехьхэри щыIэщи, а унэтIыныгъэм зегъэужьын зэрыхуейр къыдгуроIуэ. Лэжьыгъэм зи зэфIэкI хэзылъхьэ къэрал IуэхущIапIэхэми ди республикэм и унафэщIхэми фIыщIэ яхудощI, - жиIащ Егоровэм.

Абы дыщIигъуащ зэIущIэр ирагъэкIуэкIын ипэ къихуэу, депутатхэр Республикэ клиникэ сымаджэщым зэрыщыIар, сымаджэхэм дэIэпыкъуныгъэ зэрыратым, щIыналъэ лъынтхуэ центрым и лэжьыгъэм зыщагъэгъуазэу. «Гу-лъынтхуэ дэIэпыкъуныгъэм республикэм жыджэру зэрызыщиужьыр нэрылъагъущ. Ауэ ди ехъулIэныгъэхэм къахэхъуэн папщIэ, Iуэхутхьэбзэхэм зедгъэубгъун зэрыхуейри зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым. Гулъытэ щхьэхуэ хуэщIыпхъэу къызолъытэ гулъынтхуэ узыфэхэр къызыхэкIым, ахэр ямыIэным сэбэп хуэхъуну Iуэхухэм, сымаджэм япэу зэрыдэIэпыкъупхъэ щIыкIэхэм цIыхур щыгъэгъуэзэным», - дыщIигъуащ къэпсэлъам.

КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр **Къалэбатэ Рустам** тепсэлъыхьащ республикэм и медицинэ IуэхущIапIэхэм я лэжьыгъэм, «Гу-лъынтхуэ узыфэхэм зэрыпэщIэтыр» щIыналъэ Iуэхур зэрагъэзащIэм, сымаджэхэр зэрагъэхъуж IэмалыщIэхэм, нэгъуэщIхэми.

Министрым жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым инфарктым илIыкIхэм я бжыгъэр Урысейм и щIыналъэ псоми елъытауэ зэрыщынэхъ мащIэр икIи ар проценти 3,5-рэ хъууэ зэрыарар. Алмазовым и цIэр зезыхьэ медицинэ къэхутэныгъэхэмкIэ IуэхущIапIэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, а бжыгъэр нэхъ мащIэ дыдэщ Европэр къапщтэми. КъищынэмыщIауэ, щхьэкуцIым лъыр зэрыщызекIуэм ныкъусаныгъэ иIэу лIэхэм я бжыгъэри къэралым ику иту къыщагъэлъагъуэм нэхърэ ди республикэм щынэхъ мащIэщ - абыкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр 13-нэ увыпIэм щытщ щIыналъэ 89-м ящыщу. Ар я фIыгъэу къалъытэ IэмэпсымэщIэхэмкIэ къызэгъэпэща зэрыхъуамрэ медицинэм и лэжьакIуэхэм я Iэзагъымрэ.

Узыфэхэр пасэу къахутэфын папщIэ, республикэм и медицинэ IуэхущIапIэхэр эндоскоп IэмэпсымэхэмкIэ къызэрагъэпэщащ. 2025 гъэм и закъуэ апхуэдэхэр яIэрыхьащ Бахъсэн, Дзэлыкъуэ, Май районхэм, Налшык къалэм я поликлиникэхэм. Ар зэфIагъэкIащ «ГъащIэ нэхъ кIыхь икIи узыншэ» лъэпкъ Iуэхум хыхьэу.

Медицинэм ехъулIэныгъэхэр иIэми, узыгъэгумэщI Iуэхухэри щыIэщ - абыхэм ящыщщ узыфэхэр нэхъ щIалэхэми къазэрылъыкъуэкIыр. Псалъэм папщIэ, инфарктыр илъэс 32-рэ фIэкIа зи мыныбжьми къызэреуалIэр. Къалэбатэм жиIащ нэхъыбэм цIыхухэр я узыр хагъэтIэсауэ фIэкIа сымаджэщым зэрымыкIуэр. Республикэм и цIыхухэр нэхъыбэу зэрылIыкI узыфэхэм ящыщу процент 40-м щIигъур гумрэ лъынтхуэмрэ епхащ.

Министрым жиIащ IэмэпсымэщIэхэр къагъэсэбэпу ящI операцэхэр нэхъыбэ зэрыхъуар, 2025 гъэм апхуэдэу 1726-рэ зэрырагъэкIуэкIар. Абы щыгъуэми, апхуэдэхэр егъэкIуэкIыным хухах ахъшэр зэрымащIэр къэпсэлъам къыхигъэщащ.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ «Республикэ клиникэ медико-хирургическэ центр» IуэхущIапIэм и дохутыр нэхъыщхьэ, профессор **Аслъэн Ахьмэд**, Медицинэ Iэмэпсымэ нэхъыфIхэмкIэ къалэн куэд щызэфIагъэкI республикэ клиникэ IуэхущIапIэм и дохутыр нэхъыщхьэ **Дохъушокъуэ Герман**, ЩIыналъэ лъынтхуэ центрым и унафэщI **Къуэжей Заурбэч** сымэ.

Егоровэ Татьянэ жиIащ зэIущIэм къыщагъэлъэгъуа лъэпощхьэпохэм я хэкIыпIэхэм нэхъ кууэ зэрегупсысыпхъэр. Абы къыхигъэщащ цIыхухэр я узыншагъэм кIэлъыгъэплъыжыным къыхуеджэн зэрыхуейри. «Ноябрей зэIущIэм хэтахэм фIыщIэ фхуэсщIыну сыхуейщ медицинэм, цIыхухэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхум дызэрытепсэлъыхьам къыхэкIыу, - жиIащ абы. - Иджыпсту ди псэукIэм зихъуэжащ, куэдым елъытащ ди узыншагъэр - ерыскъы тшхыми, гъащIэр зэретхьэкI щIыкIэми, нэгъуэщIхэми. Абы къыхэкIыу гу-лъынтхуэ узыфэхэм гулъытэ хэха хуэтщIын хуейуэ къызолъытэ. Медицинэ IэнатIэ пэрытхэм лэжьакIуэхэм лэжьыгъэшхуэ ящIэ, жэуаплыныгъэ яхэлъу. Ауэ зи гугъу тщIы IэмалыщIэхэр къэдгъэсэбэпу цIыхухэм дазэреIэзэм дэкIуэу, сымаджэм нэхъ щабэу, Iэдэбу епсэлъэнми мыхьэнэ иIэу къызолъытэ. Узэрыгушхуэнщ ди медицинэ IуэхущIапIэхэр нэгъуэщI щIыналъэхэм щапхъэ зэрахуэхъур. Хабзэубзыху IуэхущIапIэр сыт и лъэныкъуэкIи дыхьэзырщ зыфщIэдгъэкъуэну».

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Къалэнхэм я нэхъыщхьэщ

КIуэкIуэ Казбек лэжьыгъэ IуэхукIэ хуэзащ республикэм спортымкIэ и министр Хьэсанэ Ислъам. ЗэIущIахэм къапщытэжащ илъэсым яхуэзэфIэкIар икIи дызытехьэну илъэсым къапэщылъхэм тепсэлъыхьащ.

КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым ит псэупIэ псори спорт инфраструктурэкIэ къызэгъэпэщыныр къалэнхэм я нэхъыщхьэу къонэ. «Къэбэрдей-Балъкъэрым физкультурэмрэ спортымрэ зыщегъэужьын» щIыналъэ программэм ипкъ иткIэ, дызэрыт илъэсым спорт утыку цIыкIухэр щаухуащ Хьущтэсырт, Зеикъуэ, Хьэбэз къуажэхэм.

Хьэсэней къуажэм щаухуэ модуль спортзал, олимпиадэм хуагъэхьэзырхэр щагъасэ спорт школи 9-м папщIэ IэмэпсымэщIэхэр къащэхуащ.

Налшык дэт спорткомплексым ирахьэлIэ лэжьыгъэхэр и кIэм нагъэс.

ЩIыналъэм спорт объекту 73-рэ щаухуащ – спортым, физкультурэм зыщрагъэужь, узыншагъэр щрагъэфIакIуэ комплексрэ спортзалу 12, спорт ухуэныгъэ убгъуахэу 61-рэ: спорт утыку цIыкIухэр, топ джэгупIэхэр, къинэмыщIхэр.

Лэжьыгъэм къыкIэлъыкIуэ илъэсми пащэнущ. Безенги, Зэрэгъыж къуажэхэм спортзал щаухуэну я мурадщ, Жэмтхьэлэ дэтыр зэIузэпэщ ящIынущ.

КъинэмыщIауэ, спорт утыку цIыкIухэр щаухуэнущ Дзэлыкъуэкъуажэ, Тэрч, Май, апхуэдэ дыдэу – Лашынкъей, Хьэтуей, Ташлы-Тала, Джэрмэншык, Тамбовскэ къуажэхэм.

МыхъумыщIагъэм щIалэгъуалэр щахъумэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Наркотикхэм япэщIэтынымкIэ и комиссэм и зэхуэс иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.

Абы щытепсэлъыхьащ а унэтIыныгъэр зи нэIэ щIэтхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм. Щхьэхуэу и гугъу ящIащ Аруан, Шэрэдж щIыналъэхэм наркотикхэм япэщIэтынымкIэ я комиссэхэм я лэжьыгъэм кърикIуахэм.

Зэхуэсым гулъытэ хэха щыхуащIащ наркотикхэр, псантхуэм егуауэ нэгъуэщI щхьэхугуащIэхэр зрахьэлIэурэ зи узыншагъэр зэтезыкъутэхэм, абы илIыкIхэм я бжыгъэр гъэмэщIэным хуэгъэзауэ зэфIагъэкIхэм. Тепсэлъыхьащ наркотикхэр хабзэншагъэкIэ игъэкIыным пыщIа щIэпхъаджагъэхэр, абыхэм интернетыр къагъэсэбэпу зэщIэгъэуIуа гупхэм ялэжьхэри яхэту, къыщIэгъэщыным и Iуэху зыIутми. ЩIалэгъуалэр Iуэху мыщхьэпэхэм щыхъума хъун папщIэ щIэныгъэр и лъабжьэу щыгъэгъуэзапхъэщ а щхьэхухэр зищIысым, апхуэдэ зэIущIэхэр нэхъ щIэхщIэхыурэ егъэкIуэкIын, ныбжьыщIэхэр гуп мыинурэ зэхуэшэсауэ абы щIэгъэдэIун хуейщ, щхьэхуэ-щхьэхуэури епсэлъапхъэщ, щыжаIащ зэхуэсым.

КъБР-м Наркотикхэм япэщIэтынымкIэ и комиссэм хэтхэр зэIущIэм и кIэухым зэхуэжащ адэкIэ зэрылэжьэнум теухуа я Iуэху еплъыкIэхэмкIэ, къапэщыт къалэнхэр яубзыхуащ.

Ди газетыр къезыгъэхьхэм папщIэ

2026 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щIэджыкIакIуэхэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щыщIадз зэманым щIидзащ. «Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - абы Iэ щыщIэвдз хъунущ Урысей поштым и дэтхэнэ IуэхущIапIэми.

Мази 6-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэщ:
унэм ныфхуахьыну фыхуеймэ - сом 1130-рэ кIэпIейкIэ 82-рэ;
фэ езым поштым къыщыфщтэжынумэ - сом 1032-рэ кIэпIейкIэ 18-рэ.

Ди индексыр П5894

Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я къарур

Налшык, Сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ творчествэмкIэ я уардэунэм, щекIуэкIащ мылъку къегъэщIыным емыпха зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр зыхэта зэIущIэ. Зэхуэсахэм яхэтащ республикэм и Парламентымрэ Правительствэмрэ я лIыкIуэхэр, министрхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, къулыкъущIэхэр. Ар къызэригъэпэщащ КъБР-м Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министерствэм. ЗэIущIэр яублащ Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ я гимнхэмкIэ.

- МЫЛЪКУ къегъэщIыным емыпха жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, хабзэубзыху, гъэзэщIакIуэ органхэм, щIыпIэ самоуправленэхэм, хъыбарегъащIэ IэнатIэхэм я зэпыщIэныгъэ-зэдэлэжьэныгъэхэм теухуауэ екIуэкIынущ мы зэIущIэр. Мурад нэхъыщхьэу зыхуэдгъэувыжри иджырей зэхэтыкIэ дахэ гъэбелджылыныр, цIыхухэр жылагъуэ Iуэхухэм зрапщытыным тегъэгушхуэныр, республикэм и цIыхухэм зызэщIагъэкъуэным къыхуеджэныр аращ, - жиIащ ар езыгъэкIуэкIа **Къэжэр Артур** зэIущIэр къыщызэIуихым.

КъБР-м Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ и министр **КIурашын Анзор** тепсэлъыхьащ и нэIэ щIэт министерствэм утыку кърихьа Iуэхугъуэм теухуауэ щалэжьхэм, ирагъэкIуэкI зэпеуэхэм, министерствэм НКО-хэм зэрыщыщIигъакъуэм, республикэм жылагъуэ гъащIэр щызэпIэзэрытын папщIэ апхуэдэ зэгухьэныгъэхэм къалэнышхуэ зэрагъэзащIэм.

- Нобэ республикэм щыIэщ мылъку къегъэщIыным емыпха зэгухьэныгъэ 942-рэ. Илъэс кIуам 940-рэ диIащ. Зэгухьэныгъэ 300-м хуэдизыр республикэм и къалэхэмрэ районхэмрэ щолажьэ, 120-р Налшык щыIэщ, зэгухьэныгъи 100 хуэдизым къэрал регистрацэ ямыIэу Iуэху ялэжь.

Мы гъэм и жэпуэгъуэм урысейпсо зэхыхьэм къыщыпсалъэу ди къэралым и Президент Путин Владимир жиIауэ щытащ мыпхуэдэу: «Граждан жылагъуэкIэ дызэджэм щIэ къэгъэщIыным, лъапIэныгъэхэр хъумэным теухуауэ иIэщ къару къызэрымыкIуэ. Абы къэрал гулъытэр щIыгъужмэ, зыужьыныгъэм теухуауэ къэунэху Iэмалхэм нэхъри заубгъу».

Ди республикэм щокIуэкI Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир и псалъэхэм я купщIэр нэрылъагъу зыщI Iуэхугъуэхэр. Лъэпкъ Iуэхухэмрэ жылагъуэ проектхэмкIэ министерствэм илъэс къэс ирегъэкIуэкI жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я къарум хэзыгъахъуэ, ахэр къызэдэгъуэгурыкIуэнымкIэ сэбэп хъу Iуэху зэхуэмыдэхэр. КъБР-м и Правительствэм нэхъыбэ дыдэу и нэIэ зытетхэм ящыщщ мылъку къегъэщIыным емыпха жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм защIэгъэкъуэныр. Зэгухьэныгъэхэм ирагъэкIуэкI Iуэху щхьэпэхэр щIэгъэбыдыщ юридическэ чэнджэщхэмкIэ, къинэмыщIауэ НКО-хэм я лIыкIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахъуэ утыкухэри хуит хуащIыр. НобэкIэ зи гугъу тщIы зэгухьэныгъэхэм папщIэ къэралым къыдит Iэмалхэр псори гъэзэщIа мэхъу. Псалъэм папщIэ, мы гъэм НКО-м хэтхэм я щIэныгъэр щыхагъахъуэ курситI едгъэкIуэкIащ, тIум щыгъуэми федеральнэ щIэныгъэлIхэр къедгъэблагъэу. Мылъку къегъэщIыным емыпха зэгухьэныгъэхэм жылагъуэм и щыIэкIэ-псэукIэм щхьэпэ лэжьыгъэ зэрызэфIахын ахъшэ яIэрыхьащ.

2025 гъэм ди министерствэм ирагъэкIуэкIащ унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэм тет зэпеуитху. НэхъыфIу къалъыта Iуэхугъуитхум трагуэшащ ахъшэу сом мелуан 17,5-рэ. Щхьэхуэу укъытеувыIэ хъунущ республикэм щыIэ НКО-хэр федеральнэ программэхэм зэрыхэтым. Псалъэм щхьэкIэ, Президентым и гранткIэ къызэрагъэпэщ зэпеуэм. 2024 гъэм грант хуэфащэу къалъытащ жэрдэмитхум, икIи ар гъащIэм хэзыхьэнухэм сом мелуан 14,2-р трагуэшащ. Мы гъэм апхуэдэ федеральнэ зэпеуэм къиутIыпща мылъкур сом мелуан 16-м щIигъуащ. КъыжыIапхъэщ, республикэм щекIуэкI жылагъуэ, политикэ Iуэхугъуэхэм НКО-хэр жыджэру хэтыныр дэ къызэрызэдгъэпэщыр, зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр щэнхабзэм ехьэлIа зэIущIэхэм къызэредгъэблагъэр, - жиIащ КIурашыным. Абы къыхигъэщащ НКО-м теухуауэ министерствэм илэжьхэр «СОНКО» реестрым зэрыхегъэубыдар.

Урысей Федерацэм и Президентым и Аппаратым и полномочнэ лIыкIуэу КИФЩI-м щыIэ, КъБР-м и федеральнэ инспектор **КъуэщIысокъуэ Тимур** жиIащ НКО-хэм я IуэхущIафэхэр гъащIэм щыщ зэрыхъуар, узыншагъэм, егъэджэныгъэм, псапэ щIэным, волонтёрхэм епхауэ абыхэм ялэжьхэр псом хуэмыдэу зэрыщхьэпэр. Къыхигъэщащ щIалэгъуалэм зауэжьынымкIэ НКО-хэм я лэжьыгъэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэр, сыту жыпIэмэ, ныбжьыщIэхэм я гупсысэ утыку псалъэ, Iуэху ящIыфу, дэIэпыкъуныгъэ хуэныкъуэм гу лъатэу, я къэрум къихьыну къалъытэм зрапщыту абы егъасэ.

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий** зэIущIэм къыщыпсэлъащ къэралым, республикэм шынагъуэншагъэр щыхъумэным теухуауэ мылъку къегъэщIыным емыпха жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ягъэзащIэ къалэнхэр зэрыиным теухуауэ. НКО-м хэтхэм, Iуэху щызылэжьхэм я гугъу щищIым къыхигъэщащ ди къэралым лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэ куэд зэрыщыпсэур къулеягъэу къызэрилъытэри.

- Урысейм дежкIэ къулеягъэшхуэщ абы щыпсэу лъэпкъхэр, абыхэм я зэхуаку зэгурыIуэ дэлъынри псом нэхъыщхьэщ. Мыбдежым нэхъыщхьэ дыдэр дэтхэнэ лъэпкъым къыхэкIами къэралым папщIэ мыхьэнэ зэриIэр, жылагъуэм теухуауэ къалэн щхьэхуэхэр и пщэм къызэрыдэхуэр, жэуап зэрихьыр нэсу зыхищIэнырщ. Къэралым зэгурыIуэ илъыным, лъэпкъ зэмылIэужьыгъуэм къыхэкIахэр мамыру къызэдэгъуэгурыкIуэным теухуауэ ди лэжьыгъэр гъэсэныгъэми егъэджэныгъэми епхауэ щытыпхъэщ. Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир зэригъэбелджылащи, СВО-м нэмыщI, етIуанэу гулъытэ нэхъыбэ дыдэ зыхуэщIыпхъэу щыIэр лъэпкъхэм я зэхущытыкIэрщ. НэхъыфI, нэхъ лъэщ дыхъун папщIэ дызэкъуэувэн хуейщ, - жиIащ Сэхъурокъуэм.

СКФО-м, Къырымым, Севастополь Лъэпкъхэм я IуэхухэмкIэ федеральнэ агентствэм къалэм я щIыналъэзэхуаку управленэм и унафэщI къалэнхэр зыгъэзащIэ Гусев Илья къыщыпсалъэм къыхигъэщащ цIыхубэм жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я дзыхь зэрырагъэзыр. Ар ехьэлIащ спортми, узыншагъэми, егъэджэныгъэми, волонтёр лэжьыгъэми, нэгъуэщIхэми.

- А гупсысэм щыхьэт тохъуэ КIурашын Анзор и нэIэ щIэт министерствэм НКО-хэм зауэжьын папщIэ иригъэкIуэкI Iуэхугъуэ псори, - жиIащ абы.

Къэжэр Артур къэпсэлъам и Iуэху еплъыкIэр диIыгъащ, икIи жиIащ гъэсэныгъэм теухуауэ чэнджэщхэр щызэхуэхьэса тхылъ адэ-анэхэм папщIэ республикэм къыщыдагъэкIамэ, ари щIэблэр гъуэгу захуэ тегъэувэнымкIэ зы IэмалыфIу къызэрилъытэр.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщI **Берд Хьэзрэталий** тепсэлъыхьащ зэIущIэм и къалэнымрэ и мыхьэнэмрэ.

- Иужьрей илъэсхэм мыпхуэдэ зэIущIэр республикэм и жылагъуэ лэжьакIуэхэм я гупсысэр хуиту щаIуатэ утыкушхуэ хъуащ. Иджы Iэмал щыIэщ цIыхухэм я псэукIэр ефIэкIуэным езыхэм халъхьэфынум, абы папщIэ зыхуэныкъуэхэм тыншу тепсэлъыхьыну. Илъэс къэс нэхъыбэ мэхъу КъБР-м щыIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм хыхьэхэм я бжыгъэр. Абы дыщогуфIыкI, дауи. Гу лъыботэ НКО-хэм я IуэхущIафэхэр зэрыкIуатэм, лэжьыгъэшхуэ зызрапщытхэм хъарзынэу ахэр зэрыпэлъэщым. Жылагъуэ лэжьакIуэхэм гулъытэ зыхуащI Iуэхугъуэхэм ящыщу къыхэзгъэщыну сыхуейщ ахэр щIэхщIэхыурэ СВО-м щыIэ ди щIалэхэм зэралъэIэсыр, зэрадэIэпыкъур, зыхуэныкъуэ щыгъын хуабэ, хьэпшып, ерыскъы жыпIэми, зэрыхурагъашэр.

Мылъку къегъэщIыным емыпха зэгухьэныгъэхэр къызэрыунэхурэ илъэс 30 мэхъу. КъикIуа гъуэгуанэм дрипльэжыну, адэкIэ зэрызедгъэужьынум дытепсэлъыхьыну и чэзущ, - жиIащ Берд Хьэзрэталий.

КъБР-м и Парламентым щэнхабзэмкIэ, жылагъуэмрэ хъыбарегъащIэ политикэмкIэ и комитетым и унафэщI **Текуев Амырбий** тепсэлъыхьащ Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм я зэхуаку дэлъ ныбжьэгъугъэм, апхуэдэ зэхущытыкIэр гъэбыдэным жылагъуэ зэгухьэныгъэхэри зэрыхэлэжьыхьым.

- Лъэпкъ куэдым къахэкIахэр ди республикэм дызэрыщыпсэур къарущ, нэхъ лъэщ дызыщIщ, - жиIащ абы.

АдэкIэ зэIущIэм и лэжьыгъэм щыпащащ секцэ щхьэхуэхэм.

ГУГЪУЭТ Заремэ,
Сурэтхэр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Дуней псом щыцIэрыIуэщ Алим

КъБКъУ-м архитектурэмкIэ, ухуэныгъэмрэ дизайнымкIэ и институтым Пащты Герман и цIэр зэрихьэу щыIэ лъэщапIэм и IэщIагъэлI нэхъыщхьэ, КъБР-м и цIыхубэ художник, литографиемкIэ IэпщIэлъапщIэ Пащты Алим къыхуагъэфэщащ ХудожествэхэмкIэ Урысей академием и дамыгъэ нэхъыщхьэу къалъытэ «Шувалов» медалыр, графикэ гъуазджэм зиужьынымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэу къалъытэ «Литографикэ» Iуэху зэрызэфIихым папщIэ.

СЫБЫРЫМ ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институт Хворостовский Дмитрий и цIэр зезыхьэм и «Графикэ» художественнэ факультетым и кафедрэм и студентхэмрэ егъэджакIуэхэмрэ, щIыналъэм и сурэтыщI ныбжьыщIэхэм папщIэ мастер-классхэр Алим иригъэкIуэкIащ, литографием и Iэмалхэм хигъэгъуазэу. Дерсхэр щекIуэкIащ Сыбырым ГъуазджэхэмкIэ и къэрал институтымрэ ХудожествэхэмкIэ Урысей академием Красноярск, Уралым, Сыбырым, КъуэкIыпIэ Жыжьэм щиIэ щIыналъэ къудамэхэмрэ, гъуазджэм зегъэужьынымкIэ Хворостовский Дмитрий и цIэр зезыхьэ Красноярск фондыр и дэIэпыкъуэгъуу.

2022 гъэм щыщIэдзауэ 2024 гъэ пщIондэ мастер-классым хыхьэу графикэ лэжьыгъэхэхэр ягъэхьэзыращ. Къищынэмыщ Iауэ, абы хэтахэм «Выскребание по асфальту» техникэ щIэщыгъуэмкIэ лэжьыгъэ 40 ящIащ. Ахэр щагъэлъэгъуащ Красноярск крайм и СурэтыщIхэм я зэгухьэныгъэм къызэригъэпэща выставкэм. Ахэр хагъэхьащ Пащты Алимрэ и гъэсэнхэмрэ я лэжьыгъэхэр щызэхуэхьэса «Литографикэ» каталогым.

ХудожествэхэмкIэ Урысей академием щIыхь зиIэ и цIыху, профессор, гъуазджэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Москалюк Маринэ жиIащ Алим и жэрдэмкIэ екIуэкI «Литографикэ» лэжьыгъэм и фIыгъэкIэ я IэпщIэлъапщIагъэм зэрыхагъэхъуар абы и дерсхэм едэIуа, и IуэхущIэкIэм кIэлъыплъа щIалэгъуалэм.

Пащты Алим дуней псом щыцIэрыIуэщ и Iэдакъэ къыщIэкIа графикэ, скульптурэ, керамикэ, фарфор, видео-арт лэжьыгъэхэм я фIыгъэкIэ. КъебжэкIыгъуейуэ куэдщ и IэрыкIхэм къыхуагъэфэща саугъэтхэр. Фигу къэдгъэкIыжынщи, Алим къызэрыщIидзар графикэрат. ИужькIэ офорт, литографие, ксилографие, керамикэ лIэужьыгъуэхэри къигъэIэрыхуащ. Видеоинсталляцэм теухуа лэжьыгъэ хьэлэмэт игъэхьэзыращ абы, фарфор скульптурэхэри хэту. Къапщтэмэ, фарфорым зэрелэжьрэ илъэс тIощI мэхъу. Германием КерамикэмкIэ и музей цIэрыIуэм щекIуэкIа гъэлъэгъуэныгъэм скульптурэм теухуа и видеоинсталляцэхэр хагъэхьащ. Къищынэмыщ Iауэ, фарфорым къыхэщIыкIа и скульптурэр музей бжэIупэм щагъэуващ.

Курыт еджапIэмрэ сабий художественнэ школымрэ Налшык къыщиуха нэужь, Пащт-Хъан Алим 1989 гъэм щыщIэдзауэ 1994 гъэ пщIондэ Красноярск къалэм и художественнэ академием щеджащ. Зыхэт гупым зэрефIэкIым и щыхьэту, абы академиер зы илъэскIэ нэхъ пасэу къиухащ. Литографиемрэ ксилографиемрэ триухуа и диплом лэжьыгъэр Красноярск щыпхигъэкIа нэужь, студентхэр литографием хуригъэджэну а еджапIэм къагъэнэжащ. 1999 гъэм щIалэр Германием и Галли къалэм гъуазджэхэмрэ дизайнымкIэ щыIэ школ нэхъыщхьэм скульпторхэр щагъэхьэзыр и къудамэм щеджащ (1999 - 2002 гъэхэм). А школ дыдэм медиа-артым, скульптурэм, графикэм зыщыхуигъэсащ. Галли къалэм щыIэ Геттинген институтым щылэжьэну ирагъэблэгъащ. 2007 гъэм щыщIэдзауэ сурэтыщIыр Галли щопсэу икIи щолажьэ. ИужькIэ, ар ирагъэблэгъащ Галли къалэм щыIэ Геттинген институтым щылэжьэну (Германие). ИлъэситIкIэ абы щылэжьауэ, доцент цIэри къыхуагъэфэщауэ еджапIэм къыIукIыжащ, езым сурэт ищIыну зэман къызэрыхуэмынэжым къыхэкIыу. Германием аспирантурищ (скульптурэмкIэ, графикэмкIэ, медиаартымкIэ) къыщиухыжащ.

Алим езым и закъуэуи нэгъуэщIхэм я гъусэуи и лэжьыгъэхэр егъэлъагъуэ, дунейпсо зэпеуэ зэхуэмыдэхэм жыджэру хэтщ. И IэдакъэщIэкIхэр дуней псом щекIуэкI гъуазджэ, щэнхабзэ зэхыхьэхэм щагъэлъагъуэхэм я нэхъыфIхэм ящыщу къалъытэ зэрыхъуам шэч хэлъкъым. Абы и зэфIэкIыр къалъытэурэ, саугъэт зэхуэмыдэхэр къыхуагъэфэщащ. Пащтыр ДААД фондым и стипендиатщ, Нидерландым и «Тетероде график» саугъэтым и лауреатщ. Бёль Генрих и Фондым и грантыр, Германием и Кётен къалэм скульпторхэм я зэпеуэ щекIуэкIам и япэ саугъэтыр (2001 гъэ), Дрезден медиа-артымкIэ къыщызэрагъэпэща дунейпсо фестивалым и къэпщытакIуэхэм я саугъэтыр (2001 гъэ), «Буга-2007» зэпеуэм и етIуанэ саугъэтыр къиихьащ. Урысейм ХудожествэхэмкIэ и академием и дыщэ медалыр (2014 гъэ) къыхуагъэфэщащ. Керамикэм теухуауэ илъэситI къэс зэ Корее Ипщэм щрагъэкIуэкI дунейпсо зэхыхьэм щагъэлъэгъуащ Алим и лэжьыгъэ, икIи дыжьын саугъэт къыщихьащ абы.

Пащтым и лэжьыгъэхэр Штутгарт и къэрал галереем, Финляндием и Остроботнийскэ музейм, ХудожествэхэмкIэ Урысей академием, Дивногорск муниципальнэ музейм, Саксония-Анхальт музейм, Корее Ипщэм керамикэмкIэ цIэрыIуэ и Ичхон къуажэм щыIэ фондым щахъумэ.

Иджыблагъэ абы «Шувалов» медалыр (ХудожествэхэмкIэ академием и япэ унафэщIу щыта Шувалов Иван и цIэкIэ ятыр) къызэрыхуагъэфэщар щыхьэт тохъуэ Пащты Алим урысейпсо, дунейпсо гъуазджэм хэлъхьэныгъэфIхэр зэрыхуищIым, щIэблэм гъуазджэмкIэ яIэ щIэныгъэм зэрыхигъахъуэм.

Ди хэкуэгъу художникым и цIэр дяпэкIи куэдрэ кърaIуэну ди гуапэщ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● УФСБ-м къет

Сом мелуан 22-м щIигъу

Экономикэм пыщIа щIэпхъаджагъэхэр къыщIэгъэщыным теухуа Iуэхухэр ирагъэкIуэкIыу Урысей ФСБ-м и управленэу КъБР-м щыIэм, КъБР-м щыIэ МВД-м я лэжьакIуэхэм къызэпаудащ ХьэцIыкIу А. А. и цIэр зезыхьэ Шэджэм район сымаджэщым и лэжьакIуэу плIым ялэжь хабзэншагъэр.

ЗЭРАУБЗЫХУАМКIЭ, IуэхущIапIэм и лэжьакIуэхэм 2019 - 2023 гъэхэм къриубыдэу, улахуэм ехьэлIа хъыбар нэпцIхэр реестрым къыщагъэлъагъуэурэ, сом мелуан 22,5-м щIигъу зыкIэщIаупщIащ.

КъБР-м и Шэджэм район судым и унафэ къару зыгъуэтам ипкъ иткIэ, Бер М. Р., Ало Л. А. сымэ УФ-м и УК-м и 159-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм, 292-нэ статьям и 1-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэхэр ялэжьауэ къалъытащ икIи ямыгъэтIысу илъэси 3 тралъхьащ, зыщIэгупссыжыну; Пщынокъуэ И.М., Долэт М. И. къуаншэу къалъытащ УФ-м и УК-м и 33-нэ статьям и 5-нэ Iыхьэм, 159-нэ статьям и 4-нэ Iыхьэм къыщыхьа щIэпхъаджагъэхэр ялэжьауэ. Абыхэм условнэу илъэси 2-рэ мази 6-рэ тралъхьащ.

Дунейм щыхъыбархэр

ЗэпыщIэныгъэхэр йофIакIуэ

Бишкек щызэхуэзащ Урысейм и Президент Путин Владимиррэ Къыргъызстаным и Iэтащхьэ Жапаров Садыррэ. ЛIыщхьэхэр тепсэлъыхьащ къэралитIым я зэдэлэжьэныгъэм кърикIуахэм, адэкIэ я зэпыщIэныгъэхэр зэрырагъэфIэкIуэнум.

ПУТИН Владимир къигъэлъэгъуащ экономикэ и лъэныкъуэкIэ зыужьыныгъэ хъарзынэхэр зэраIэр, урысей инвестицэхэр доллар меларди 2-м зэрынэсар. «Урысейр Къыргъызым и сату-экономикэ IуэхущIэгъу нэхъыщхьэщ. БлэкIа илъэсым къэралитIым зэдащIа сатум процент 13,6-кIэ хэхъуащ. Москварэ Бишкекрэ жыджэру щызэдолажьэ электростанц ухуэным, бжыгъэр зи лъабжьэ экономикэм, транспорт-логистикэ унэтIыныгъэм. Гулъытэ хэха худощI шынагъуэншагъэ зэпыщIэныгъэхэм. Республикэм урысей дзэ базэр зэрыщыIэр щIыналъэм и зэпIэзэрытыныгъэмкIэ шэсыпIэщ», - жиIащ УФ-м и Президентым.

Жапаров Садыр къыхигъэщащ Урысейр я къэралым и ныбжьэгъуу зэрыщытар, иджыри апхуэдэу къызэрынэжыр. «Ди дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ Москва худиIэ пыщIэныгъэм. Ди цIыхубэм зыхащIэ унэтIыныгъэ куэдымкIэ, псом хуэмыдэу энергетикэмрэ ерыскъыпхъэмкIэ, Урысейр дэIэпыкъуэгъу къызэрытхуэхъур. Инфраструктурэ проектхэр гъэкIуэтэнымкIи Урысейр щIэгъэкъуэнышхуэ къытхуохъу. Апхуэдэу егъэджэныгъэмкIэ, щэнхабзэмкIэ, Iэпхъуэшапхъуэ политикэмкIэ ди зэдэлэжьэныгъэр, шэчыншэу лъэныкъуитIымкIи щхьэпэщ», - жиIащ Жапаровым.

ЩэкIуэгъуэм и 27, *махуэку*

♦Урысей Федерацэм и тенджыз Iуфэ лъэсырыкIуэдзэм и махуэщ

♦1946 гъэм къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэмкIэ доктор, КъБКъУ-м и профессор **Хьэжы Анатолэ**.

♦1951 гъэм къалъхуащ КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Дадэ Суфэдин**.

♦1957 гъэм къалъхуащ жылагъуэ лэжьакIуэ, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ фондым и унафэщI **ЩоджэнцIыкIу Леонид**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 9 - 11, жэщым градуси 5 щыхъунущ.

ЩэкIуэгъуэм и 28, *мэрем*

♦ГущIэгъу зэхуэщIыным и дунейпсо махуэщ

♦1942 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр партизан гупыр Жэмтхьэлэ Ипщэ щыIэ нэмыцэ гарнизоным теуащ, хэщIыныгъэшхуи иратащ.

♦1926 гъэм къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ и министру, республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и секретару щыта **Уэрсей Фаинэ**.

♦1939 гъэм къалъхуащ хормейстер, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Бицу Юрэ**.

♦1954 гъэм къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ, техникэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат, «Къэббалъкърем-строй» ОАО-м и унафэщI **ГъуэплъащIэ Алексей**.

♦1950 гъэм къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ артисткэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ, къэфакIуэ Iэзэ **Шортэн Аллэ**.

♦1963 гъэм къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, «Налшык» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Болэт Арсен**.

♦1964 гъэм къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, политик, КъБР-м щIыхь зиIэ и юрист **ДыщэкI Мадинэ**.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, республикэм уэфIу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 10, жэщым градуси 4 щыхъунущ.

ФIагъ лъагэ зиIэ щыгъынхэр

Къэбэрдей-Балъкъэрым и промышленность псынщIэм и IэнатIэхэм къыщIагъэкI продукцэм и куэдагъымкIэ Кавказ Ищхъэрэм япэ увыпIэр щиIыгъщ. Дызэрыт илъэсым и щIышылэм - фокIадэм къриубыдэу нэгъуэщI щIыналъэхэм хурагъэшащ сом меларди 9,3-рэ и уасэ щыгъыныгъуэхэр, нэгъуэщI хьэпшыпхэр. Нэгъабэ и апхуэдэ пIалъэм яхуэзэфIэкIам нэхърэ процент 1,6-кIэ нэхъыбэщ ар .

РЕСПУБЛИКЭМ и промышленность псынщIэм хохьэ IуэхущIапIэу 84-рэ, уней хьэрычэтыщIэу 180-рэ икIи абыхэм зэхэту цIыху мини 3-м щIигъу щолажьэ. Ди щIыналъэм и мызакъуэу, къэралым и адрей щIыналъэхэми ящыщ куэд ди дэрбзэрхэм къызэрагъэпэщ фIагъ лъагэ зиIэ продукцэхэмкIэ.

Къыхэдгъэщынщи, КъБР-м промышленность псынщIэм жыджэру зэрызыщиужьым и щыхьэтщ абы къыщIигъэкI продукцэм и куэдагъымкIэ Кавказ Ищхъэрэм зэкIэлъыпыту япэ увыпIэр иджы етIуанэу зэрыщиубыдар.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Гулъытэрщ нэхъапэр

● Дызэкъуэту

Мы дунеишхуэм цIыхум нэхърэ нэхъ лъапIэ тету къыщIэкIынкъым. Гугъуехь пэщIэхуам уигурэ уи псэрэ къабгъэдэкIыу зыщIэбгъэкъуэныр, абы удэIэпыкъуныр псапэщ икIи гуапагъэщ.

АПХУЭДЭЩ зи гугъу фхуэсщIыну бзылъхугъэм и IуэхущIафэр. Ар Аруан щIыналъэм хыхьэ Лэскэн ЕтIуанэ къуажэм щыпсэу Алимхэ Аллэщ. Ар гущIэгъу, гулъытэ зыхэлъ цIыху щыпкъэщ жытIэмэ дыкъэпцIэну къыщIэкIынкъым икIи Хэкум и хъумакIуэхэм я унагъуэхэм я жылагъуэ зэгухьэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ и къудамэм и унафэщIщ. КъБР-м щыщу дзэ Iуэху хэхам хэт ди зауэлIхэмрэ зи щхьэгъусэ, зи бын хэкIуэдахэм я унагъуэхэмрэ Аллэ, гупышхуэ зэхишауэ, зэрахузэфIэкIкIэ ядоIэпыкъу. Абы и IуэхущIафэ дахэр зи гум дыхьэ дэтхэнэри гъусэ хуохъу, псапэ ящIэну къыкъуоувэ. А цIыхубз гуащIафIэм къытхуиIуэтахэм адэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ.

- Мы Iуэхур зэредгъажьэрэ илъэсищ мэхъу. Си закъуэ къарукIэ зыри схузэфIэкIынутэкъым, щIэгъэкъуэн схуэхъуа цIыху гуэщIафIэхэр мыхъуатэмэ. Ахэр дамэу стету жыпIэ хъунущ. Сыхуейт абыхэм я цIэ къисIуэну: Жэмыкуэ Алим псапэ хуэщIэу кърахьэлIа хьэпшыпхэр СВО-м хэтхэм я деж нэгъэсынымкIэ жэуап зыхьщ; Мэмбэт Мурат ди лэжьыгъэ псор зэзыгъэуIущ; ПащIэ Заирэ си къуэдзэщ; псапэ зыпылъ дэIэпыкъуныгъэмкIэ къудамэм и унафэщIщ Хьэту Астемыр; СВО-м щыIэхэм я бынхэм папщIэ «IBE Pone» и фIэщыгъэу къызэрагъэпэща, интернет Iэмалхэм щыщагъэгъуазэ дерсхэр езыгъэкIуэкIыр Къэрэмырзэ Алимщ. Апхуэдэ дерсхэр зэкIэ здэщыIэр Налшыкрэ Нарткъалэрэщ. Ауэ адрей жылэхэми къыщызэрагъэпэщыну я мурадщ. Къэшыргъэ Арсенрэ Мкртчян Эдуардрэ ди юристщ, волонтёру мэлажьэ Мэшыкъуэ Алинэ, Зэгъэщтокъуэ Аскэр, Къущхьэ Маликэ, Алимэ Рианнэ сымэ, нэгъуэщIхэри. Мыхэр си щIэгъэкъуэну зыдогъэзахуэ, дотх, добж СВО-м хэтхэм иридэIэпыкъуну кърахьэлIэр. Псоми къалэн зырызыхэ догъэзащIэ. Дэ махуэ къэс долажьэ, щэбэтымрэ тхьэмахуэмрэ къищынэмыщIа. Налшык ди хэщIапIэр здэщыIэр Ленинымрэ уэрамым тет унэ 53-нэрщ. Нарткъалэ - Ахъмэтым и цIэр зезыхьэ уэрамым тет унэ №20-м. Абы щытхуха пэшыр Аруан щIыналъэ администрацэм и тхьэмадэ ЛIыжыкъуэ Хьэзрит къыдитащ.

Дзэ Iуэху хэхам хэтхэм, абы зи щхьэ хэзылъхьахэм я унагъуэхэм защIыдогъакъуэ, ди юристхэр ядоIэпыкъу пщIэншэу. Тхьэмахуэм хуэзэу зы махуэ хэтхауэ дэIэпыкъуэгъу хуей цIыхухэр абыхэм я деж къокIуалIэ.

Къуажэдэс гуащIэрыпсэухэу зи бын, зи щхьэгъусэ зыфIэкIуэдахэр, я гур икъутыхьауэ я псэр яфIэмыIэфIыж жыхуаIэм хуэдэу къэнат. Гуауэр зи псэм щызыгъэвхэр Iуэхум къыхэсшащ, гъащIэм нэгъуэщIынэкIэ езгъэплъыжынщ, а мафIэ лыгъэм хэтхэм папщIэ зы Iуэхугъуэ гуэрхэр дызэдэIэпыкъуу длэжьмэ, езыхэри абы тригъэунщ, икIи псапэ хъунщ жысIэри, зы гупышхуэ къуажэм къыщызэзгъэпэщащ. Ди щIыналъэм икIауэ СВО-м хэт зауэлIхэм шхынкIэ, щыгъынкIэ, хущхъуэ хэкIхэмкIэ дадэIэпыкъуну мурад тщIати, ар зэман кIэщIым къыриубыдэу зэдгъэхъулIащ. Псапэ зыпылъ Iуэхум цIыхухэр къыхохьэ, жэщ-махуэ ямыIэу яхузэфIэкIыр кърахьэлIэ. Ахэр ди щIалэхэм щахуэтшэкIэ куэдрэ къохъу мафIэ лыгъейм дыщыхэхуэ. Апхуэдэу зэгуэрым дыздэкIуэм зэхэуэ гуащIэм дыхэхуэри уIэгъэ хьэлъэ сыхъуауэ щытащ. Ауэ сызэрыхъужу пысщэжащ мы Iуэхум.

Мазэм хуэзэу тIэу-щэ дыщежьэ къохъу. СВО-м хэт щIалэхэм щхьэкIэ зэхуэтхьэсар зышэхэм срагъусэщ сытым дежи. Мыри къыхэзгъэщыну сыхуейт: дэ дапщэщи дэIэпыкъуэгъу тхуохъу зи цIэ къисIуа ЛIыжьыкъуэ Хьэзрит, «Эрпак» ЗАО-м и унафэщI Ерчэн Хъусен, «Урысей зэкъуэт» партым и «Молодая гвардия» организацэм Аруан районым щиIэ къудамэм и унафэщI Ерчэн Аслъэнбэч, Шэрэдж районым и администрацэм и унафэщI Кульбаев Алан сымэ. Республикэм ит курыт еджапIэхэм щезыгъаджэхэмрэ щеджэ цIыкIухэм я адэанэхэмрэ зэрахузэфIэкIкIэ зыкъытщIагъакъуэ. Гугъу зезыгъэхьхэм, псапэ зыпылъ Iуэхум дыхэтынщ, жызыIэ дэтхэнэми фIыщIэшхуэ яхузощI.

КЪАНКЪУЛ Раисэ.

Зыгъэхьэзырар **ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэщ**.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Адэ щIэинкIэ псэуа щыIэкъым.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Iуэху

● Егъэджэныгъэ

ЗэхъуэкIыныгъэхэр щыIэнущ

УФ-м и Рособрнадзорым и унафэщI Музаев Анзор зэрыжиIамкIэ, гуманитар унэтIыныгъэхэм щIэтIысхьэну зи мурад еджакIуэхэм тхыдэмкIэ экзамен ятын щыщIадзэнур 2027 гъэрщ.

- А ЖЭРДЭМыР къыщыхалъхьар мы гъэращи, 2026 гъэм курыт еджапIэр къэзыуцухунхэм ятынур общественнэ-заниерщ. Иджыпсту щыщIадзауэ абы зыхуэзгъэхьэрмэ, фымыгъэзав, етIанэгъэ фэхутэныщ зэхэлъхьэныр. Общественнэ-заниемкIи тхыдэмкIи зыгъэхьэзырмэ, фи Iуэху куэдкIэ нэхъ тынш хъунуращ. ЩыIэщ еджапIэ нэхъыщхьэ а тIум языхэзым ухэдэн хуейуэ къаГэзыуе, - жиIэ Музаевым.

Къыщынэмыщ1ауэ, унафэщIым еджакIуэхэмрэ адэ-анэхэмрэ къызэрыдэжэ иджыпсту щыщIадзауэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм зэрыщIэтIысхьэ хабзэхэм фIыуэ зыщагъэгъуэзэну. Абы зэрыжиIамкIэ, 2027 гъэм курыт еджапIэхэр къэзыхуIу гуманитар унэтIыныгъэхэмкIэ еджапIэ нэхъыщхьэ щIэтIысхьэну зигу илъхэм экзамен зэратынур тхыдэмкIэщ.

Къыхэзгъэщыхьащ экзамен тыгъуэм теухуауэ хабзэхэм зэхъуэкIыныгъэ зэрагъэуцари. Псалъэм папщIэ, нэхъапэм экзаменхэр накъыгъэ мазэм тын щIадзэу щытамэ, 2026 гъэм мэкъуауэгъуэм 1-м нэхъ пасэу яублэу ядэнкъым.

- Нэхъыгъэ мазэм и махуэщхьэхэмрэ гъэ еджагъуэм и кIэм дэкI цIыхухэм къалыкъэкI къалэнхэмрэ адэ-анэхэми, еджакIуэхэми, егъэджакIуэхэми яхуэздэхьыркъым. ПIащIэу, гузавэу «иужьрей уэздыкIэм» зыхуагъэхъэзырын хуейр мэхъури, егъэгужьей. ЕГЭ щат курыт еджапIэу мини 7-м щIигъу диIэщ. Абыхэм илъэсым и пэм щIадзэри, зыхуагъэхъэзыр жэуапхэр къэпыпIэ Iуэху гъуэм. Зи гугъу тщIахэр къыщыхыхьэжкIэ, къалэн тIуагIэ я пщэ къыдохуэ апхуэдэ еджапIэхэм щылажьэзэмрэ щеджэзэмрэ. Псори къэтIыпытащ, зэпэтшэчащ, щыналъэ унафэщIхэм дечэнджэщащ. 2026 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м экзаменхэр щIадзэнуреэ, бадзэуэгъуэм и 5 пщIондэ ятынуц, къыкIэлъыкIуэ махуитIыр зы экзамен зытыжын хуейкэ я махуэщ. Дыхэплъэжыну тхуэзфIэкIынуц, дыгуфакIэ, ныбжьыщIэхэми я тхылъхэр еджапIэ нэхъыщхьэм иратыну эзман къахуэнэнущ, къыкIэрыдгъэхунукъым. Абыхэм я нэхъыбэм тхылъхэр онлайн жыпхъэм тетущ зэратри, уеблэмэ я Iуэхур щыдгъэпсынщIэнущ, сыту жыпIэмэ, къаха балл бжыгъэкэ а сайтым асихьэту идолъхъэ. Нэгъабэ иужьрей экзаменхэм къриклуар интернетым щрагъэхар бадзэуэгъуэм и 19-рщ, псалъэм папщIэ. Еджапlэ нэхъыщхьэ щIэхуэхэр напэ къыщыхъур бадзэуэгъуэм и 25-рщ. ЗэщIыпIи зыри къыкIэлыхукъым, ушIэгузэвани хэлъхьэн, - трегъэчыныхьэ Мызаевым.

Ныбжьыщ1эм къихьа балл бжыгъэмкIэ мыарэзыкъэмэ, зы предметымкIэ экзаменыр итыжыну хуитщ. А хуитыныгъэр УФ-м и Президентым и унафэкIэ къыхалъхьа Iэужъгъуэщи, зимыхъуэжу къэнэнущ. ЗэрыжыIащи, ар бадзэуэгъуэм и 6-7-м техузнущи, махуэ лей къыщIагъуныр Iэмалынищэу щытхъуми, .

Иджыри зы Iэнэгъуэ щыIэщ адэ-анэхэр къыгъэгъэзавэзу. Ар 2025 гъэм и экзаменхэр зэфIэкIа нэужь, ЕГЭ-м фIы и лъэныкъэкIэ зегъэужьын папщIэ экзаменхэм гупсысэжми ящыщщ. Зи гугъу тщIыр - урысыбзэмкIэ экзаменыр, математикэм хуэдэу, лIэужьыгъуитIу гуэшын хуейуэ зэрыжаIэрщ.

- Ди къэпщытакIуэхэри егъэджакIуэмкIэ министерствэм и лэжьакIуэхэри арэзыкъым абыкIэ. УрысыбзэмкIэ экзаменыр нэхъ зыгъэпщкIэ ящыщщ икIи илъэс куэд щIауэ балл ихъарзынэкэр къызэрагъэлъагъуэ дерсщ, - жиIэ Рособрнадзорым и унафэщIым.

Хъыбар нэпцI гуэрхэри къэIуагъэххэщ. ЦIыхухэр щIоупщI, Луганс щыпсэухэм папщIэ экзаменхэр нэхъ щабэу еклуэкIыну пIэрэ жаIэри. Ябзныкъуэхэр щогугъ урысыбзэмкIэ экзаменым хэтуп1эхэмэ апхуэдэкIэ яГэуэ балл ихъарзынэкэр къызэрагъэлъагъуэ дерсщ, - жиIэ Iуэху Кит Олег.

Зи гугъу тщIы Iэмалым и пэжькIэ зэрыIэгъуэнщ. Сымадзэм томографие ящIыну и пэ къихуэу, позитрон нэху къызэпкърыкI хущхъуэ и лъыим хакIэ. Дакъикъэ 40-60 дэкIа нэужь томографием щIагъэкI. А зэманым кърубыдэу, хущхъуэр лыш шыкъырым йотIысхьэри, абдеж щоблэ, ныкъусаныгъэ зэрыщыIэр уигъэлагъуэ. А псори дохутырым щелъагъуэ томографиемрэ пыщIа экраным.

- Мы Iэмалыр, дауи, зэмызэгъын щыIэщ. Абы къыхэкIыу, пхуащIын игъэкIэ дохутыр зэгъэпIын хуейщ и зэран къэкIын-къомыкIыным теухуауэ хъеэзэгъынумэ, сымаджэм и пIагъэкIымрэ хьэлъагъымрэ тещIыхьауэ хагъэуцуну хущхъуэм и бжыгъэри къэбж. Ар узкъым икIи зэранкъым. Дызытепсэлъыхь хущхъуэр сыхьэт зы-тIум кърикубыдэу Iэпкълъэпкъым хокIыж, - къыхигъэщащ радионуклидэ терапиемкIэ къудамэм и унафэщI, медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Максимовэ Наталье.

Мы томографие Iэужьыгъуэгъэмедицинэ страхованэ зиIэ дэтхэнэ зыми пщIэншэу хуащI.



● Щ1эныгъэ

Я Iэмалхэм къыхохъуэ

Лыш узыфэхэмкIэ Ростов къалэм дэт щIэныгъэ Iуэхущ1апIэм къыщызэIуахащ позитронно-эмиссионэ томографиемрэ компьютер тамографиемрэ зэщIыгъуэгъэ узыр зэрыхэтIэсамрэ и лIэужьыгъуэмрэ нэхъ пэж дыдэу къызэрахутэ Iэмалхэмкlэ къудамэщIэ.

«ГЪАЩIэ кIыхь» лъэпкъ Iуэхум илкъ иту къызэIуаха къудамэр къызэгъэпэщащ щIэныгъэм и иужьрей къэхутэныгъэхэм тету дунейм къытехьа IэмэпсымэхэмкIэ. Абыхэм я фIыгъэкIэ щIэныгъэлIхэм ялъагъу лыш шыгъор зыхэлъри, абы и лIэужьыгъуэри, зэрызиубгъуам и закъуэ мыхъуу, ар зэрызэIылъ нальхэхэм я кIуэцIым къыщекIуэкIри. Дохутырхэм иджы къахутэф миллиметр ныкъуэ хъу лыш шыкъырхэри.

- Зи гугъу тщIы Iэмалым нэхъ пэж щыIэкъым нобэкIи. Ди Iуэхущ1апIэм зыIэригъэхьа Iэмэпсымэхэм я фIыгъэкIэ, лыш къэунэхуагъэщIэхэр (ауэ щыIэкъуэкI, лъэужьыншэу тхуэгъэзэкъуэныщ) къытехуэхутэнщ дяпэкIэ. КъищынэмыщIауэ, сымадзэм етхьэлIэ хущхъуэхэр сэбэп зэрыхъуэ тлъагъунуц, лыш шыкъырым зэрызэхъуэжым зэпымыууи дыкIэлъыпIлъэкIыщ, - жиIэ Iуэху щIалIэм и унафэщI Кит Олег.

Зи гугъу тщIы Iэмалым и лэжьакIэри гъэщIэгъуэнщ. Сымадзэм томографие ящIыну и пэ къихуэу, позитрон нэху къызэпкърыкI хущхъуэ и лъыим хакIэ. Дакъикъэ 40-60 дэкIа нэужь томографием щIагъэкI. А зэманым кърубыдэу, хущхъуэр лыш шыкъырым йотIысхьэри, абдеж щоблэ, ныкъусаныгъэ зэрыщыIэр уигъэлагъуэ. А псори дохутырым щелъагъуэ томографиемрэ пыщIа экраным.

- Мы Iэмалыр, дауи, зэмызэгъын щыIэщ. Абы къыхэкIыу, пхуащIын игъэкIэ дохутыр зэгъэпIын хуейщ и зэран къэкIын-къомыкIыным теухуауэ къеэзгъэныну, сымадзэм и пIагъэкIымрэ хьэлъагъымрэ тещIыхьауэ хагъэуцуну хущхъуэм и бжыгъэри къэбж. Ар узкъым икIи зэранкъым. Дызытепсэлъыхь хущхъуэр сыхьэт зы-тIум кърибубыдэу Iэпкълъэпкъым хокIыж, - къыхигъэщащ радионуклидэ терапиемкIэ къудамэм и унафэщI, медицинэ щIэныгъэхэмкIэ доктор Максимовэ Наталье.

Мы томографие Iэужьыгъуэгъэмедицинэ страхованэ зиIэ дэтхэнэ зыми пщIэншэу хуащI.

● Фэпцъ зэIущIэ

УсакIуэ щэджащэр ящыгъупщэркъым

КъБКъУ-м щэкIуэгъуэм и 21-м щекIуэкIащ «Щоджэнщ1ыкIу Алий и творчествэм зэманкIэ утыкупльплъмэ» конференцыр. Ар теухуауэ щытащ РСФСР-м горькый Максим и цIэр зезыхьэ и Къэрал саугъэтым и лауреат, Лэжьыгъэм и Бэракъ орденыр, Щ1ыкъ дамыгъэр зыхуагъэфэща, адыгэ литературэм и классик, усакIуэ, тхакIуэ цIэрыIуэ, егъэджакIуэ, журналист Щоджэнщ1ыкIу Алий къызэралъхурэ илъэсри 125-рэ зэрырикъуэ.

ЗэхыхьэмэхэтащIэщIыгъэкIэ, литературэхэр, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр, студентхэр. Филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, КъБКъУ-м къэбэрдей-шэрджэсыбзэмрэ литературэмкIэ и кафедрэм и унафэщI Къардэн Мусэдин зэщIыгъэ къыщIэзIуихьам къызэхуэсахэм ягу къигъэкIыжащ Щоджэнщ1ыкIу Алий и гъащIэмрэ гуащIэмрэ.

1900 гъэм жэпуэгъуэм и 28-м къалъхуа, 1941 гъэм щэкIуэгъуэм и 29-м дунейм ехыжа усакIуэм литературэ щIэинджфI кIыхьигъэнащ. Щ1эныгъэм хэлэжьгъэ Щоджэнщ1ыкIу Алий Цагъэ Нурий и жэрдэмкIэ мэкъумэщIыщIэ сабийхэр щрагъаджэну Бахъсэн къыщызэIуахауэ щыта «Цагъэм и университетым», Дагъыстэным и Темырхэн Шуэр (иджы Буйнакск къалэ) цыIэ егъэджакIуэ курсыр. Къырымым и Бахъчи-Сэрэй къалэм дэт педагогикэ училищэм щIэсащ.

Щоджэнщ1ыкIум урыс усакIуэхэм я усэ гъэпсыкIэр ихъуэжи, лъэпкъ усэ гъэпсыкIэр ихъуэмэ, абы зэригъэужьын хуэзэфIэкIащ. Алий къыщIэнащ адыгэ литературэм и курыхъуа, усэбзэкIэ итха «Къамботрэ Лацэрэ» романыр, «Щ1ымахуэ жэщ», «Тембот и дыгъуасэхэр», «Партизан Жамбот», «Дыщэ нэпсейхэр», «Къэшбрун», «Ныбжьыщ1э хахуэ», «Мадинэ», «Къамботрэ Пацэрэ» поэмэхэр, усэхэр. И тхыгъэхэм лъабжьэ яхуэхъуащ цIыхухэм ятелъа бэлыхьмэр хьэзабымрэ, залымыгъэр гъэкIуэдын зэрыхуейр. Пушкин Александр, Лермонтов Михаил, Горький Максим, Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу тхакIуэхэм я тхыгъэ куэд адыгэбзэкIэ зэридзэкIащ. ГъащIэ мащIэ зыхуиухэ, зэман гугъум халъхьа Алий усэ сят пэлъытэу итха «Налшык» усэр зэрадзэкIащ урысыбзэкIэ. Курыт еджапIэм адыгэбзэр щезыгъэдж Щоджэнщ1ыкIум хъэрыпхъэр, тыркубзэр, франджызбзэр, эсперантэр ищIэрт. Зи нэхьыр илъэс 17-м иту лъэпкъ литературэм pыз быдэкIэ хыхьа Щоджэнщ1ыкIу Алий и лэжьыгъэхэр щIэныгъэлIхэм нэсу къахутэну иджыри зэрыщIэкIэ къэкIуэну урысей щIэныгъэрылажьэ Дороничевэ Екатеринэ Къэбэрдей-Балъкъэрым зэрымыщIэкIэ къыщигъэтат палеонтропым и лъэужь. Зеикъуэдэс Шыкlэбахъуэ Муlэед лэжьыгъэ Iэуэкlэ ди щIыпIэм къеблагъа цIыхубзым иригъэлъэгъуэу щытащ уэшхым хиубыда щэкIуэгъэн эщIэгъэпщкIуэ щыта бгъэунщIагъыр. Къыззрыщ1экIамкIэ, ар къыззэрыгухI епсыкIэтэкъым, атIэ пасэрей неандерталецхэм я хэщIапIэт. А щIыпIэм илъэс зыбжанэкIэ щылэжащ Санкт-Петербург къикIа щIэныгъэлI 15: геозоологхэр, вулканологхэр, палеонтологхэр, генетикхэр. Абыхэм я зэрыжаIэмкIэ, метр зэбгъэзэнатIэ 300 зи инагъ бгъэунщIагъым щыщу къатIар метр зэбгъэзэнатIи 7-рами, гурыIуэгъуэт абы неандерталецхэр зэрыщIэпсэуар, Iэщэ щагъэхъэзыру зэрыщытар.

Мы псоми къыдэкIуэу къыхэзыщIэхъуэщ Щэшэн Республикэм и Веденкэ щIынальэм къыщагъэуза бгъэунщIагъым тыншу Iэзэрекlуалlэ дэкIуеипIэ зэрыхуащIынур. ЗэрыжаIэмкIэ, абыи и лъащIэм псы къабзэ итщ. БгъунщIагъым екIуалIэу дэкIуеипIэ миным щIигъу гъэзэгъанэ метр 306-м тразгъэзынущ, а гъэзгъэ туристкIуалIэхэм хагъэхьэнущ.

Осетие Ищхъэрэ-Алание Республикэм и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI, Дагъыстэн Республикэм и цIыхубз усакIуэ Ахмедовэ Колюбакинэ Мариндж къыщыпсалъэм къыхигъэщащ УФ-м и Президентым къыхилъхьа жэрдэмым тету, Урысейм ис лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэхэм я махуэр ирагъэкIуэкIмэ, лъэпкъыбзэхэр хъумэным, абыхэм заужьыным щхьэпэн куэд зэрахуэщIэнур. Апхуэдэу щIигъэжащ Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу тхакIуэхэм я Iэдакъэщ1экIэхэр зэдзэкIыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр, лъэпкъхэм яку дэлъ пщIэр, зэгурыIуэр гъэбыдэным и Iуэхукlэ.

Осетие Ищхъэрэ-Алание Республикэм и Тхакlуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI, Дагъыстэн Республикэм и цIыхубз усакIуэ Ахмедовэ Колюбакинэ Мариндж къыщыпсалъэм къыхигъэщащ УФ-м и Президентым къыхилъхьа жэрдэмым тету, Урысейм ис лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэхэм я махуэр ирагъэкIуэкIмэ, лъэпкъыбзэхэр хъумэным, абыхэм заужьыным щхьэпэ куэд зэрахуэщIэнур. Апхуэдэу щIигъэжащ Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу тхакIуэхэм я Iэдакъэщ1экIэхэр зэдзэкIыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр, лъэпкъхэм яку дэлъ пщIэр, зэгурыIуэр гъэбыдэным и Iуэхукlэ.

1941 гъэм усакIуэшхуэр зэуапIэм кIуа нэужь, гъэру яубыдащ Iэщэншэу къанэри. Я1эщIыкIэ нэмыщIэхэм ящ1эртэжьым къапэщI1эхэр хэтми. Ауэ зэгурэрым яжриIащ ар зэрыгусакIуэр. И1анэ, нэмыщIэхэр иужь ихьащ ар я лъэныкъуэ къащIыну. Я гугъэр къащемыхьулIэм, яугъкIащ. Зауэм и япэ бжьыхьэм ар щылIащ Бобруйск щыIэ концлагерым. Щоджэнщ1ыкIу Алий и Хэкум, и лъэпкъэгъуэхэм, и Iэщ1агъэм епщIыжакъым, лIыгъэрэ хахуагъэрэ хэлъу и псэр итащ. Ар зауэлI, усакIуэ нэсым и щапхъэщ. Апхуэдэуэкращ цIыхубзым ягу илъыну, усэ зыхуаусыну зыхуэфащIэр.

Филологие щIэныгъэхэмкIэ кандидат, усакIуэ, публицист, УФ-м и Тхакlуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и секретарь Поповэ Нинэ и псалъэм къихуиIэщащ урыс литературэми Щоджэнщ1ыкIу Алий хэлъхьэныгъэфI зэрыхуищIар, лъэпкъ хабзэхэм, и щIыналъэм и дахагъэм, бгыркъэм я гъащIэм триухуа тхыгъэхэмкIэ зэрыщIэкIащ къаригъэщIыху.

КъБР-м и Тхакlуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI, КъБКъУ-м балъкъэр щэнхабзэмкIэ и центрым и унафэщI Бейтуганов Исмэхьил жиIащ Щоджэнщ1ыкIу Алий къызэралъхурэ илъэси 125-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ «Время Али Шогенцукова» щIэныгъэ моногрофиер къыззрыдгъэкIар.

Дагъыстэн Республикэм и Тхакlуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI, Дагъыстэн Республикэм и цIыхубз усакIуэ Ахмедовэ Колюбакинэ Маринэ къыщипсалъэм къыхигъэщащ УФ-м и Президентым къыхилъхьа жэрдэмым тету, Урысейм ис лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэхэм я махуэр ирагъэкIуэкIмэ, лъэпкъыбзэхэр хъумэным, абыхэм заужьыным щхьэпэ куэд зэрахуэщIэнур. Апхуэдэу щIигъэжащ Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу тхакIуэхэм я Iэдакъэщ1экIэхэр зэдзэкIыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр, лъэпкъхэм яку дэлъ пщIэр, зэгурыIуэр гъэбыдэным и Iуэхукlэ.

Филологие щIэныгъэхэмкIэ доктор Хьэкlуащэ Мадинэ къэралыгъуэ къыщIэкIащ «Щоджэнщ1ыкIу Алий къызэралъхурэ илъэси 125-рэ зэрырикъум и щIыхькIэ «Время Али Шогенцукова» щIэныгъэ моногрофиер къыззрыдгъэкIар.

Дагъыстэн Республикэм и Тхакlуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI, Дагъыстэн Республикэм и цIыхубз усакIуэ Ахмедовэ Колюбакинэ Маринэ къыщипсалъэм къыхигъэщащ УФ-м и Президентым къыхилъхьа жэрдэмым тету, Урысейм ис лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэхэм я махуэр ирагъэкIуэкIмэ, лъэпкъыбзэхэр хъумэным, абыхэм заужьыным щхьэпэ куэд зэрахуэщIэнур. Апхуэдэу щIигъэжащ Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу тхакIуэхэм я Iэдакъэщ1экIэхэр зэдзэкIыным мыхьэнэшхуэ зэриIэр, лъэпкъхэм яку дэлъ пщIэр, зэгурыIуэр гъэбыдэным и Iуэхукlэ.

Осетие Ищхъэрэ-Алание Республикэм и Тхакlуэхэм я зэгухьэныгъэм и правленэм и унафэщI, Дагъыстэн Республикэм и цIыхубз усакIуэ Ахмедовэ Колюбакинэ Мариндж къыщып

ІуэрыІуатэ - дыщэ пхъуантэ

ПлІанэпэр зыгъэхьэзырар **ТАБЫЩ Муратщ**

Сэтэней-гуащэрэ нартхэмрэ

(Тхыдэжь)

Нарт Есокъуэхэ япхъу Сэтэнейм и хъыбарыр ину зэхах. Нарт гупыр зэрыхош-зэрошажьэ, икъукІэ щэджащэу хымрэ щІымрэ щаІуатэ, Сэтэней-гуащэм щытыкІэу иІэр зымылъагъур ину къыщІоупщІэ, зылъагъум хъыбарыр нэхъ иныжу еІуатэ. Адыгэ щхьэлъащІэм езэгъыу цІыху къыхэкІын жыхуэпІэр белджылы хъуакъэ?

Сэтэней-гуащэ гъэщІэгъуэнышхуэу къэнэхуакъэ? Нартхэм я санэхуафэр Сэтэней-гуащэ и хъыбар гъэщІэгъуэным теухуакъэ? ЕІ-ехь, жьэ куэд фигъэзэшыни, бзэ куэди игъэхукъуэни! Дэнэ и деж Сэтэней-гуащэу зи гугъум дуней псор игъэлида бзылъхугъэм и хъыбарым кІэ щигъуэтынур: зы жыпІэмэ, пщІы къонэ, пщІы жыпІэмэ, къанэр бжыгъэншэщ. Сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, и хъыбар дэхьэхакІуэм ухыгъэ иІэкъым, атІэ зэхэфхрэ, ину сывогуо, нартхэ я зэхэсым, нартхэ я санэхуафэм, нартхэ я хъыбар кІыхьым къыдэкІуэу, Сэтэней-гуащэ пэжым и хъыбарым хуэдэ зыщІэІамэ, жыфІэт! Ар нысэ пэжу бгъуэтаи, абы къыпыкІам хуэдэу дуней псоми къыщылъэгъуауэ нарт хъыбарым къыдэкІуэркъыми, жыфІэт нэхъ гъэщІэгъуэн зыщІэм?.. Арщхьэк1э я жьэр Іуроху, я гур йохуэх, жаІэн ямыщІэу къызэхонэ.

АтІэ, Бэдынокъуэ мэтэдж икІи жеІэ:

– ЩыІэкъым Сэтэней ещхь икІи къытхэкІакъым дяпэми дяужьми, ауэ абы къилъхуа е Сосым къыхиха къуэ хуэхъуам деплъын хуейщ.

Бэдынокъуэм ар щыжиІэкІэ, нартхэр зыщІотаджэ, я санэхуафэр зэхуащІыж, кІухьщІыхьышхуэкІэ Сэтэней-гуащэр къагъуэт, жьэрыІэзэфІкІэ йоупщІ:

– Сыт ухуэдэ? Сыту унэху, сыту ухужь, сыту ухахуэ, уэ къыпкъуэкІари сыту ин, сыту махуэ, нартхэ я набдзэр бгъэфэщаи, я инагъым хэбгъэхъуаи!.. Удинэщ, удипсэщ, Іуэхуу уиІэр ди гуэбдзэджыр епхауэ ди гурылъщ. Аращи, щымыуэну акъыл, щымыщІэну былым пхуэфащэщ нобэ щыщІэдзауэ! – къыжраІэ.

Абы хэту Сэтэней-гуащэр мащІэу къокІуатэ гупэкІэ:

– Псалъэ къызжефІащ зэхэсщІыкІыну, абы тету сыкъыщІэкІыну, зи гугъу фщІы угъурлыгъэри хъуэхъуфІрэ гуфІэгъуэкІэ къывдэпсэуну псалъэ фызот. Ауэ сэ зыгуэр жысІэнщ, емыкІу хэмылъым.

Нартхэ фи хабзэщ Іуэхушхуэ цІыхум тефлъхьэу,
КъыщІэхуэнкІи мэхъу апхуэдэм деж,
Сосрыкъуэ хуэижьу нэхъыжьыфІхэм ябгъэдэтыну,
Фи нэфІ щыхуэну!
Ауэ «мафІохъу!» жызыІэ псори нартым хэлъытауэ жытІэнкъым,
Нартым и фІыр лІы уейуэ,
Езым и пащІэр игъэкІыу,
ИкІэ илъагъум – щымыщтэу,
Лей къылъысым – имыгъэгъуу,
Гъуэгум техьэм емызэшу,
Шагъдийр къиубыдым – къыхуэнэу,
И нэр зытеплъэр ІэщІэмыкІыу,
ФІэкІыну нарт щымыІэу,
ЗэІэр къемылу,
Благъуэр и бзэхэбзанэу,
И пІэм щІэмызагъэу,
ЩІылъэр и уэршокуу,
Нартыжьиблыр и блыгуу,
Жэщибл-махуибл уейр и къаруу,
Зэуэр мыгъущыжу,
ГъащІэ кІыхь иІэну,
Сосрыкъуэ къэфІлъагъу! – яжреІэ нартхэм Сэтэней-гуащэ.

Абдеж нартхэ шынэ къащтэ, Сосрыкъуэ траІуа хъуэхъур къеуэлІэнкІэ мэгузавэ, зэрагъэкІуэдынум еуэсэу щІадзэ.

Мыщэ шу

(Хъыбар)

Еуэри-еІэри, жи... Шыхъуэ пщыІэу зэгуэрым Дзэлыкъуэ дыдэст, Іуащхьэмахуэ и лъапэ дыдэм деж. Сэ шыхъуэ нэхъыжьу абы сыщыІэт.

ЖэщкІэрэ ди шыхъуэ щІалэр зытес шыр пщІэнтІауэ нэху къекІырт; пшэр хъуным и пІэкІэ, нэхъ уэд хъу зэпытт.

– Сыт мы уи шыр пщІэнтІауэ нэху къыщІекІыр? Пшэр хъуным и пІэкІэ, нэхъ Іей мэхъу. ЖэщкІэрэ умыгъашхэу утесу си гугъэщ, – жысІэу щІалэр щыхэзгъэзыхьым, дыхьэшха фІэкІа, зызигъэумысакъым.

Апхуэдэу щыхъум, сэ мурад сщІащ жэщым щІалэм шыхэр зэригъэхъум сеплъэкІуэну.

Пщыхьэщхьэм щІалэр шхэщ, щІакІуэ-бащлъыкъыр зэфІилъхьэщ, и фочыр къищтэщ, шым шэсри, плъырыну текІащ.

ЩІалэр зэрытекІыу, сэри сышэсри сыкІэлъыкІуащ, къуэгъэнапІэ зысщІри, сеплъакІуэу сытІысащ. ЩІалэр шым зэрыпэрыувэу, зы мыщэ ин къуэ кІуэцІымкІэ къыдэкІри, къеплъу абы къыбгъэдэувaщ.

– СлІожь, си ныбжьэгъу, ушэсынут? КІуэж, кІуэж адэ, дыкъащІащи, ядэркъым, – жиІэрт щІалэм, ауэ мыщэр ІумыкІыжу къеплъу щытт.

– Хъунщ, ныжэбэризэм схуэплъырыж, сэ сыжеинщ, дяпэкІэ укъэмыкІуэ, – жиІэри дэІэпыкъуурэ щІалэм мыщэр шым игъэшэсащ. Мыщэм уанэгур зэригъуэту, и фІалъэ лъакъуэхэмкІэ шхуэмылакІэр къызэщІикъуэщ, шым елъэдэкъауэри, шы гуартэм и хъуреягъыр къикІухьу щІидзащ, езы щІалэми, щІакІуэм зызэкІуэцІишыхьри, жеину гъуэлъащ.

Сэ ар зэрызгъэщІэгъуэнур сымыщІэу куэдрэ сеплъащ. ЩІалэр пырхъыжу жейрт, мыщэ шум шы гуартэм и хъуреягъыр къижыхьырт.

А гъэщІэгъуэным еплъынкІэ срикъуа нэужь, лъэбыцэжьыр згъэшынэн си мураду, си фочыр згъэуащ. ЩІалэми, къэхъуар имыщІэу къыщылъэтри, и фочыр игъэуащ. ФочитІым я уэ макъым игъэщта мыщэр шым къелъэри, къуэм дэлъэдэжащ.

– Къэхъуар сыт? – жиІэу щІалэр къыщызбгъэдэлъадэм, сыкъиуцІыхури укІытэжащ.

- Къэхъуар пщІэркъэ, шыр мыщэм шэсауэ шы гуартэр егъэхъу, - жысІащ сэ, сыпыгуфІыкІыурэ.

- Хьэуэ, мыщэрщ шым шэсар, – жиІащ абы.

ЩІалэм къызэрызжиІамкІэ, шы тесын зыфІэфІ а лъэбыцэжьыр нэгъабэ шыр цІыкІуу мэзым къыщиубыдри, зэштегъэуурэ ириджэгуурэ, шым тесыфу езым игъэсат.

Япэ махуэхэм хуэмыгъасэу гугъу дехьу щытащ: зэм шыр абы щышынэрти, зытримыгъэтІысхьэу етхауэрт, зэми езы лъэбыцэжьыр темысыфу и щхьэр и щІагъыу къехуэхырт, ауэ зэман дэкІа нэужь, мыщэжьым шы тесыныр игу ирихьат.

- АфІэкІа апхуэдэу умыщІэ, - жесІащ сэ абы тклийуэ, арщхьэкІэ кІыфІым сыздыхэтым си Іупэр сфІызэтежырт.

А жэщым щІалэм деж сыщыІащ. «А мыщэжьыр и гъусэу щІалэр кІапсэрыкІуэу джэгуфынт», – сегупсысащ сэ.

Анэр нэм хуэдэщ

МахуэгъэпсымплъыжькІэ тхауэ хэт махуэшхуэхэр нэхъыбэ хъу зэпытщ. Абыхэм яхэтщ мыхьэнэншэ цІыкІуу упызыгъэгуфІыкІхэри, «сыту фІыуэ ягъэуват мы махуэщІыр» жыпІэу узыщызыгъэгуфІыкІхэри. Иужьрейхэм ящыщ зыщ Анэм и махуэр, щэкІуэгъуэ мазэм и иужьрей тхьэмахуэм трагъахуэр. 2025 гъэм ар хуозэ щэкІуэгъуэм и 30-м. Абы и тхыдэм тІэкІу дриплъэжынщ, и мыхьэнэмрэ хэлъ гуапагъэмрэ дытепсэлъыхьынщ.

1914 гъэм США-м и президент Вильсон Вудрэ накъыгъэм и етІуанэ тхьэмахуэ махуэм Анэм и махуэр лъэпкъ куэдым зэдагъэлъэпІэну триухуат икІи ар къэралым и махуэшхуэхэм халъытат. Зэман дэкІри анэр гъэлъэпІэныр адрей къэралхэми хабзэ яхуэхъуащ, щхьэж зыхуей махуэри къыхихыжащ. Урысейм ар тригъэхуащ щэкІуэгъуэм и иужьрей тхьэмахуэ махуэм, абы щыгъуэ къэралым и Президенту щыта Ельцин Борис 1998 гъэм щІышылэм и 30-м къыдигъэкІа унафэм ипкъ иткІэ. Австралием, Бразилием, Германием, Данием, Италием, Канадэм, США-м, нэгъуэщІ къэралхэми, зэрыжытІащи, ар накъыгъэм и етІуанэ тхьэмахуэ махуэм, Испанием, Венгрием, Португалием, Литвам – япэм ягъэлъапІэ. Махуэ теубыдам ар тезыгъэхуахэри щыІэщ. Псалъэм и хьэтыркІэ, Грецием ар накъыгъэм и 9-м щагъэлъапІэ, Египетым – гъатхэпэм и 21-м, Белоруссием – жэпуэгъуэм и 14-м.

Анэм и махуэм Іуэхугъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр иращІэкІ хабзэщ, цІыхур щыпсэу къэралымрэ зыщыщ лъэпкъым и щэнхабзэмрэ елъытауэ. А махуэм бынхэр хущІокъу къэзылъхуахэм я гъусэу зэман нэхъыбэ зэрагъэкІуэнум, зыгъэпсэхугъуэ махуэр гукъинэж абыхэм зэрыщащІынум. Нэхъыбэм къагъэсэбэпыр тыгъэ яхуэщІынырщ – удз гъэгъа, дыху, ІэфІыкІэ, езым я ІэкІэ ящІа саугъэт, анэм фІыуэ илъагъу шхыныгъуэ хуэзыпщэфІхэри щыІэщ. Куэдым я лъагъуныгъэр псалъэ дахэхэмкІэ къагъэлъагъуэ, хуэзэу жраІэну Іэмал ямыІэмэ, письмо хуагъэхь е интернет Іэмалхэр къагъэсэбэпурэ телефонкІэ хуатх. Сытми зыкърагъащІэ, фІыуэ зэралъагъур жраІэ, и гулъытэм зэригъэиныр хуаІуатэ, къыхуищІа псоми папщІэ фІыщІэ зэрыхуащІыр къагъэлъагъуэ. Анэм и дежкІэ аращ нэхъ лъапІэу сэ къысщыхъур, тыгъэ лъапІэу щыІэм нэхърэ быным и гум илъ ІэфІыр къызэригъэлъагъуэ псалъэ гуапэр и псэм нэхъ йохуэбылІэ.

«ФІыщэу слъагъу си анэ, уи махуэмкІэ сынохъуэхъу! Сытым дежи усщІыгъущ, сыщыпхуэныкъуэ дакъикъэм си Іуэху къыздэпІыгъыу, ІэплІэ къызэпшэкІыу. Уи хуабагъэмрэ ІущыгъэмрэÌ махуэ къэс къару къысхалъхьэ. КхъыІэ, схуэпсэу, узэрыщыІэм къару мыкІуэщІ къысхелъхьэри!» Мыпхуэдэ тхыгъэ къызыІэрыхьэ анэм и нэгум гуфІэ къимыщынкІэ Іэмал иІэкъым, ІэпкълъэпкъкІи псэкІи гугъу зэрыдехьыр къызыгурыІуэ и сабийм къыбгъэдокІри.

«Анэм и сабийм хуиІэ лъагъуныгъэр нэгъуэщІ зыгуэрми ещхькъым. Іуэхур и быным деж нэсмэ, дунейм теткъым ар къыщІикІуэтын. Хабзи имылъытэу, гущІэгъуи имыІэу ар хэти пэувыфынущ», - жиІэгъащ Агатэ Кристи. Лагерфельд Карл и гупсысэр-щэ?! «Лъагъуныгъэу си фІэщ хъу закъуэр анэм и сабийм хуиІэр аращ». «Ди анэхэр фІыуэ долъагъу абы лейуэ демыгупсысу, и кууагъри зыхэдмыщІэу. Абыхэм къамыгъэзэжыну тІэщІэкІа иужьщ ар къыщыдгурыІуэр» - Ги де Мопассан. Гупсысэфу зы цІыху дунейм тет къыщІэкІынкъым и анэм ехьэлІауэ гуапагъэ зигу къэмыкІ, ар хужымыІэныр хэлъми.

Унагъуэм зэрыщагъэлъапІэм къыдэкІуэу, жылагъуэ ІуэхущІапІэхэм, школхэмрэ сабий садхэмрэ щаІэт мы махуэщІыр. Іуэху зэмылІэужьыгъуэхэр, зэпеуэхэр, гъэлъэгъуэныгъэхэр ящІ, анэм теухуа усэхэмрэ уэрэдхэмрэ щыІу концертхэр къызэрагъэпэщ, абыхэм я анэхэр ирагъэблагъэ. Мы гъэм сызыгъэгушхуа Іуэху дахэщ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и библиотекэм щэкІуэгъуэм и 5-м щегъэжьауэ 29 хъуху иригъэкІуэкІа флешмобыр. «Анэм папщІэ усэхэр» фІащауэ ИнтернеткІэ усэ зэпэдзыжыр гъэщІэгъуэнт, къэзылъхуахэм хуащІ пщІэм къыдэкІуэу ди усакІуэхэм я ІэдакъэщІэкІхэми нэхъыбэ щыгъэгъуэзэным теухуауэ. ЦІыкІуи ини, цІыхухъуи цІыхубзи, сыт хуэдэ зэманми хуейщ анэ. Сыт а Іуэхухэр щІызэхашэр, дэри щІэблэри абыхэм дыщІыхуейр? Анэм нэхъ лъапІэ зэрыщымыІэр, абы хуэтщІ пщІэм ди гъащІэ псор зэрелъытар, фІылъагъуныгъэм и къарур цІыкІухэм зыхащІэн папщІэ. Дапщэри жаІэу зэхэтхыркъэ уи адэ-анэр пхуэпсэуху жыыр дэнэкІэ къыщепщэми зэрумыщІэр, ахэр зэрытІэщІэкІыу жьы зэпеуэм хуэдэ ди махуэхэр зэрыхъур.

Дахуэвгъэсакъ, дывгъэхъумэ, дахуэвгъэгумащІэ ди анэхэм. Ахэращ гъащІэр къыдэзытыр, абы лъэ быдэкІэ дыхэзыгъэувэр, гъуэгу захуэм дытезыгъэувэр. Я гугъуехьыр зэрызыхэтщІэр, фІыщІи зэрахуэтщІыр къыддалъагъуу дунейм дытевгъэт, абы нэхъ фІыгъуэ дэ тхуэлэжьынукъыми.

ИСТЭПАН Залинэ.



Дахэ и щІагъ дыщэ щІэлъщ

(Гъэсэпэтхыдэ)

ЛІы гуэр шууэ гъуэгу здытетым, гуэдзыр зыІуахыжа губгъуэм лыгъэ ирадзауэ ягъэсу хуэзащ. Лыгъэм щыблэкІым, кІий макъышхуэ къызэхихри, къэувыІащ, итІанэ, мафІэм хэлъадэри, макъыр къыздиІукІымкІэ игъэзащ.

Зы блащхъуэ цІыкІу кІийуэ гуэдзыпкъэм хэст, мафІэм къиухъуреихьарэ къикІыпІэ имыгъуэту. Шум зригъэзыхри, и къамышыр блащхъуэм хуишиящ. Блэм къамышым зыкъришэкІри, лІым ар мафІэм къыхихащ, лыгъэм нэхъ пэІэгъуэу гъуэгубгъум щигъэтІылъащ. И гъуэгум пищэжыну щыхуежьэм, блэр кІэкІэ щыту шум къыпэуващ. ЛІым и шыр лъэныкъуэкІэ щытриІуэнтІыкІым, блэр къежэкІри, аргуэру къыпэуващ.

- Сыту пІэрэ узыхуейр? МафІэм укъызэрыхэсхара пхуэмышэчыр? - лІыр губжьат, арщхьэкІэ, къыхуеплъэкІыурэ блэм лъэныкъуэкІэ щытриІуантІэм, егупсысащ: – Мыбы зыщІыпІэ сишэну хуейуэ арагъэнщи, зэрыхъуу ирехъу, сыкІуэнщ, - блэм и ужьым иуващ лІыр.

КІуэм-кІуэурэ, Іуащхьэ гуэрым нэсащ. Іуащхьэ джабэм гъуэ ипщхьэпІэ цІыкІу иІэт. Блэр абдеж къыщыувыІэщ, шум къыхуеплъэкІри, гъуэм ипщхьащ. Куэдрэ гувакъым. Дыщэ Іуданэ жьэдэлъу къипщыжащ. Іуданэр гъуэ Іуфэм щигъэтІылъри, езыр пабжьэм хэпщхьащ.

- Уэлэхьэ, мыр сэ си гугъэм щыщымыІэ. ФІы хуэсщІащи, фІы къысхуищІэжыну хэту арагъэнмэ, – жиІэри лІыр епсыхащ. Къамэр кърихри, гъуэ Іуфэр къитІу щІидзащ. ЗыкъомыфІ къитІауэ, мывэ пхъуантэ цІыкІу Іууащ. Зэтрихмэ, дыщэпскІэ зэщІэлыдэу афэ джанэ, дыщэпс тегъэлъэдауэ жыр пыІэ, зи Іэпщэр дыщэ защІэ сэшхуэ, дыжьыным къыхэщІыкІауэ къамэ-бгырыпх дэлът. КъигъуэтаІэщэ-фащэмкІэ зихуапэри, лІыр шэсыжащ. Блащхъуэ цІыкІури апщІондэху лІым къыкІэлъыплъу пабжьэм хэсащ. Шур и гъуэгу щытеувэжым, ар иригъэжьэж хуэдэ, блащхъуэр пабжьэм къыхэпщри, куэдрэ абы кІэлъыплъащ. ЛІыри, блэм сэлам ирихыж щІыкІэу, зэ къеплъэкІыжри шым елъэдэкъэуащ.

Аращ- тІэ, фІы пщІэмэ, фІы ухуэзэнщ.

Хъудз гъунажэщ

(Псалъэжьыр къызытекІа хъыбар)

И мэлхэм ядигъэхъуну мэлыхъуэм елъэІуу, зы щынэ е зы мэл гуартэм хадзамэ, абы зэреджэр хъудзщ. Апхуэдэу хадза хъудзыр, зыхадзар мэл мин хъуми, а хъушэ иным хэзагъэркъым. А хъушэм дежкІэ ар хамэщи, гъунэм щехъурэхъуэкІыу фІэкІа, зэи мэл гупым и кум къыщыхутэркъым.

Апхуэдэу мэл хъушэ гъунэм къыщызыжыхь щынэр е мэлыр кІуэдыгъуафІэщ. Ар ящІэри, куэд щІауэ мэлыхъуэжьхэм хъудз къыІахыркъым.

«Хъудз гъунажэщ» псэлъафэр къызэрежьар мыпхуэдэу жаІэж. Зы гъэ гуэрым гъатхэу мэлхэр Къущхьэхъу хъупІэм яхуну загъэхьэзырырт. Зы тхьэмыщкІэ гуэрым щынэ цІыкІу закъуэ иІэти, хъушэ гуэрым хидзэу Къущхьэхъу игъэкІуэну мурад ищІащ. Мэлыхъуэхэм яхыхьэри, яхэлъэІухьу щІидзащ. АрщхьэкІэ, Іуэху и пІалъэ зыщІэ мэлыхъуэжьхэм зыми Іахын ядакъым. Ауэ хъудз пІалъэр зымыщІэ мэлыхъуэ щІалэ гуэрым, тхьэмыщкІэм и хьэтыр илъагъури, мэл хъушэм щынэ цІыкІу закъуэр хригъэдзащ.

Мэлыхъуэм хъушэр Къущхьэхъум ихуауэ щигъэхъурт.

Адрей гъэхэм хуэмыдэу, а илъэсым хьэр бийт, абы щхьэкІэ мэлыхъуэхэри нэхъ лейуэ сакъырт.

Пщыхьэщхьэм мэлыхъуэ щІалэм и хъушэр хъурыхъуурэ егъэзыпІэм къыщихужым, хъудз цІыкІур гъунэмкІэ къежэкІри, чыцэ лъапэм щІэлъэдащ. Дыгъужьыр къежьэу щысыххэти, ищтэри щІэпхъуэжащ.

ЕтІуанэ махуэм мэлыхъуэм хъудз щынэ цІыкІур гуартэм зэрыхэмытыжым гу щылъитэм, гущІыхьэ щыхъуауэ и гъусэхэм яжриІащ.

Арщхьэк1э, мэлыхъуэ бзаджэжьхэр дыхьэшха къудейщ.

Ауэрэ, гъэмахуэр икІри бжьыхьэр къыщихьэм, мэлхэр нэхъ къекІуэтэхри Дзэлыкъуэ къэкІуащ. Абыи зыкъомрэ щагъэхъури, щыблагъэу щыхуежьэм, мэлхэр унэм къахужащ.

– Мэлхэр къэсыжащ, – щыжаІэм, хъудзыр зей тхьэмыщкІэр гуфІэри, и щынэ цІыкІу закъуэр къихужыну кІуащ.

- Си щынэ цІыкІур дауэ щыт? – жиІэу мэлыхъуэм щеупщІым:

- Уи щынэ цІыкІур дыгъужьым ишхащ! – къыжриІащ.

- Е дыгъужьыжь тхьэмыщкІэ, сыту гугъу Іей ехьа! Мыпхуэдиз мэлым хэлъыхъухьу си щынэ цІыкІу закъуэр къыхиубыдыкІыу щишхыфакІэ, уэлэхьи, и хьэлэлым! – жиІащ тхьэмыщкІэм.

- Мыпхуэдиз мэлым хэплъыхьу уи щынэ цІыкІу закъуэр къыхиубыдыкІыу ишхауэ аракъым, атІэ хъудз гъунажэти, аращ. Уи щынэ цІыкІур хъудзт, – жиІащ мэлыхъуэ щІалэм.

«Иджы щІалэм къыгурыІуащ хъудз къеІыхын зэрыхуэмейр», – жаІэри мэлыхъуэжьхэр я пащІэкІэ щІэгуфІыкІащ.

Аращ «хъудз гъунажэщ» жыхуаІэр.

Джэданэхэ Амырхъанрэ Алинэрэ утыкур яубыд

Иужьрей махуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсменхэм я зэфІэкІхэмкІэ дагъэгуфІэ зэпытщ. Къапщтэмэ, Европэм и Кубокыр дзюдомкІэ къэхьыным хуэунэтІауэ Алыджым и Солоники къалэм щэкІуэгъуэм и 23 - 24-хэм щекІуэкІа дунейпсо зэхьэзэхуэм и дыщэ медалыр къихьащ Джэданэ Амырхъан.

Джэданэ Амырхъан сэмэгурабгъумкІэ етІуанэу щытщ.

КИЛОГРАММ 50 зи хьэлъагъхэм я деж щыбанэ ди адыгэ щІалэм финалым къыщыпэщІэтащ Италием и спортсмен лъэщ, ауэ Амырхъан ерыщу абы зрипщытри, зэрыжаІэу, и щхьэ кърима гъэІэту, «юко»-кІэ зэІущІэр къыфІихьащ.

Апхуэдэуи Европэм и Кубокым и дыжьын медалыр къихьащ Джэданэ Алинэ. Ди пщащэ цІыкІуми и зэІущІэхэр лъэщу иригъэкІуакІащ, къыпэщІэтахэр тригъэкІуэтурэ финалми нэсащ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, и къарур адэкІэ хурикъужакъым. Дапхуэдэу хъуми, Алинэ и дежкІэ ар ехъулІэныгъэфІ дыдэщ.

Джэданэ Алинэ сэмэгурабгъумкІэ япэу щытщ.

Мыдрейуэ, спортсменитІыр зыгъасэр УФ-м щІыхь зиІэ и тренер, Амырхъан и адэ Джэданэ Залымщ. Алинэ дуней псом щыцІэрыІуэ бэнакІуэ Джэданэ Алим ипхъущ. ТІури «Локомотив» спорт клубым хэтщ.

Иджырей зэхьэзэхуэм щызэпеуащ къэрал куэдым я бэнакІуэ лъэщу, щІалэхэри хъыджэбзхэри зэхэту, 300-м нэблагъэ, я ныбжькІэ илъэс 18-м щІимыгъуауэ.

КЪУЭЖЕЙ Іэдэм.

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ *(унафэщІ-редактор)*, **Ширдий Маринэ** *(унафэщІ-редактор)*, **Къаншокъуэ Эллэ** *(жэуап зыхь секретарь)*, **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, НэщІэпыджэ Замирэ, Чэрим Мариannэ, ЩхьэщэмыщІ Изэ.**

ТЕЛЕФОНХЭР:

редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-75-78; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Іуэхухэмкіэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хъыбарыщІэхэмрэ спортымкІэ - 42-22-88, 42-22-89; хабзэхъумэ ІэнатІэхэм ядэлэжьэнымкІэ - 42-60-53; з корректорхэм - 42-22-66; компьютер ІэнатІэм - 42-26-41; сурэттеххэм - 42-63-64.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ ІуэхущІапІэм ятхащ ПИ № ТУ07-00117-м щІэту.

КъыдэзыгъэкІхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр: 360030, КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

Индексыр П 5894
Тиражыр 1.293
Заказыр №2557
12+

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

МЫ КЪЫДЭКІЫГЪУЭМ ЕЛЭЖЬАХЭЩ:

жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкІ Соня**, корректорхэу **ПхытІыкІ Марие** *(1, 4-нэ нап.)*, **Нэужьокъуэ Заирэ** *(2, 3-нэ нап.)*.

КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ **Ныр Саидэ, Мэлбахъуэ Анжелэ.**
Сурэтхэм елэжьар **Бицу Жаннэщ.**

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.

357600, Ставрополь край, ЕсэнтІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ.